


VAHEBHERU, CHITSAUKO CHECHITATU

 Mangwanani akanaka, shamwari. Irombo rakanaka kuva pano mangwanani ano mushumiro yaShe. Uye tiri kutarisira pamwe nokuvimba kuva nenguva huru.

² Ndanga ndingori kumashure mu...mataisidaidza kuti hofisi yemadhikoni, mune marekodha zvino, uye ndanga ndichingotaura nemudzimai wechidiki naamai vake kumashure uko, vanobva kumusoro kuJoliet, Illinois. Uye ndanga ndichingofunga kuti chibereko chakadini chenyasha dzaMwari zviru musikana iyeye. Vazhinji vedu vari pano tinomuziva. Iye chi—chidhakwa, chimwe chemhando yakapisisa. Uye handina kumbova nenyaya yacho yakajeka kwandiri kusvikira mangwanani ano, kuti apo paakadzika achibva papuratifomu. Ishe vaive vamuzarurira zvese zvainge zvisina kumira zvakanaka uye nezvaizotora nzvimbo. Zvino akabva papuratifomu, achichema uye achifara nekuti Mwari vaive vamuponesa kubva paguva rechi—chidhakwa. Uye iye... Mumwe mudzimai akafamba ndokuuya kwaari ndokutanga kuchema, kuti mwanasikana wake, ndinotenda kuti aive iye, aive akasungwa nezvinodhaka. Uye munoziva, nenyasha dzaMwari, musikana iyeye akadaidzwa (ndinotenda, hwaive husiku hwakatevera, Rosella, akadaidzwa?), uye musikana, kubva pane zvinodhaka, akapodzwa. Zvino iye nemurume wake vari kuparidza Vhangeri. Uye—uye—uye kuona mudzimai mudiki akaisvonaka saRosella, uye angori nekunzwisisa kwakadzama! Uye zvino iye, anoremekedzeka kwazvo, ane...anonzwa kudanwa mumoyo make. Asi, nekuziva Bhaibheri pamusoro pevakadzi vanoparidza, munoona, anoziva kuti ndechimwewo chinhu. Uye Mwari vari kumutungamira mumajeri nezvimwe, kuti ape huchapupu.

³ Zviongoshamisa ku—ku—kuziva, kutsvaga kuda kwaMwari. Dzimwe nguva tinova nemanzwiwo, asi tinoda kuendesa manzwiwo iwayo kune dzimwe nzvimbo; kana ukasatarisa, dhivyabhore anatora manzwiwo iwayo uye oatsveyamisa kuita chimwe chinhu. Asi chero bedzi tichigara muBhaibheri, saka tiri kuita zvinhu chaizvo, munoona, tiri kufamba chaizvo nekuda kwaShe.

⁴ Uye saka ndinotenda kuti—kuti Rosella achazopedzisira apinda muminda yekuvhangeri kumwe kunhu, nekuti America haidi Vhangeri.

Munozviva izvozvo. Tinotongofanira kubvuma izvozvo, kuti, vanhu maAnglo-Saxon ava vaparara. Ndizvo zvoga.

Hapasisina rimwe Vhangeri iro America ichagamuchira. Oo, unowanawo zvisihoma zvekutamburira, pano neapo. Asi, zvingori zveVhangeri, zvapera. Uye haugone kana kuvaparidzira, haugone kutaure navo. Havana chero chinhu chavanotenda. Maona? Vanongori nepfungwa dzavo pachavo dzemisoro yakaomarara, uye havatsukunyuke.

Uye zvinhu zvinotevera kunyika ino kutongwa. Ichava nako, zvakare. Kunogona kunge kuri kuburikidza nekuderera kwehupfumi. Kunogona kunge kuri kuburikidza nebhambu reatomiki. Kunogona kunge kuri kuburikidza nedenda rakakura, hoshana kana chimwe chinhu, asi, yagadzirira. Kuri kuuya. Zviuru zvapaketwa zviuru zvichawira pasi.

⁵ Takapfuura, nezuro, Hama Zabel neni, kune...naHama Wood, tichiuya kubva zasi kuKentucky, kwatakange tiri kwemazuva matatu, tikapfuura nepaiva nechirongwa chekuvakwa kwedzimba. Hama Zabel vakati, “Hakuna...” Ndakangana. “Hapana kana mumwe wevanhu ivavo, vari muchirongwa ichocho, anotomboenda kune chero chechi zvayo.”

⁶ Ukavabvunza nezvazvo. “Saka, tine terevhizheni yedu. Ndiyo nzira yatinowana nayo nyaradzo.” Maona? Ndiwo maonero emuAmerica. Maona? “Tine terevhizheni. Tine mari yakawanda. Tine mota dzakanaka, tine dzimba dzakanaka. Chii chatinoda naShe? HatiMudi.” Ndiwo maonero acho.

⁷ Nezve chinamato chega uye neruponeso rwatiinarwo, nerudo, zviripakati pevanhu chaivo vane humwari. Munoziva, Bhaibheri rakati zvaizoitika. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Uh-huh. Imi vaverengi veBhaibheri, ndakunzwi muchidanidzira “Ameni,” newe muparidzi kumashure uko. Kuti, ndizvozvachizvo. Rudo rwuchange rwave kure-kure, mumazuva ekupedzisira; rudo rwega ipapo rwuchazosara, rwunova rwuripakati peVasanangurwa vevanhu vaMwari. “Baba vachapesana naamai, amai vachipesana nababa, uye vana vachipesana nevabereki, uye vakasiyana-siyana vachipesana mumwe nemumwe.” Uye rudo chete rwunosara, rwunongova Vasanangurwa ivavo, Vasanangurwa chete. Izwi “Musanganurwa” ipapo rinobva paizwi “Vakasanangurwa,” Vanhu vaMwari vakasanangurwa.

⁸ Zvino apo Rosella anga achitaura nyaya yacho kwandiri mukamuri, nguva yadarika, ndanga ndichingofunga, kuti, pahusiku ihwohwo, ati chimwe chinhu chakaitika. Uye kuti, zvakataura sei, zvese zvichidzika nemuhupenyu hwake, painge achingova ari, chidhakwa chine maziso emupengo, vakatadza, hapana veAlcoholics Anonymous, vanachiremba vana vakamutadzirira, hapana chaigona kuitwa, uye kuti sei, kubva panguva iyoyo chaiyo, chimwe chinhu chakaitika.

⁹ Iye zvino haasisina maziso emupengo. Mudzimai wechidiki akaisvonaka, ane runako ane makore makumi matatu nematatu ekuberekwa, uye anogona kunzi ane makumi maviri nemaviri;

izvo zvakangoitwa naMwari kwaari zvaVakaita, uye kuti anotaridzika zvakasiyana sei. Uye, asi ndati, “Rosella, nyika isati yavambwa, Mwari vakagadza nguva iyoyo.” Hongu, changamire. Maona? Ndizvozvo. Zvino paya Billy Paul mudiki wekare kumashure uko, uko kwaari, aigovera makadhi ekunamatorwa kuvanhu husiku ihwohwo, haana kutomboziva zvachose kuti ndiyani waaipa kadhi rekunamatorwa.

Hazvishamisi here, Rosella?

[Hanzvadzi Rosella Griffith vanoti, “Hama Branham, hameno kana chechi ingagona kunamata kuti Mwari vatitungamire, kuti Vaive vakasimba sei.”—Mupepeti]

Ameni. Ishe vakuropafadze, Rosella. Ndine chokwadi chekuti tichazviita. Anoda kuti chechi inamate kuti Mwari vamutungamirire. Kuri, kutevera ruoko rwaVo rwusingashanduki. Oo, zvakanaka kwazvo.

¹⁰ Ndava nechirongwa chinotyisa chaiswa pamberi pangu, mangwanani ano. Ndeche mumwe, muzvina mamiriyoni akapetwa kakawanda nekupetwa kakawanda anoda kugadzira kuno kuLouisville, Kentucky, uye ondivakira tabhanakeri yemamiriyoni mashanu emadhora. Asi chimwe chinhu zasi mumoyo mangu chati, “Chimbomira, hausi mufundisi.” Maona? Saka, zvadaro, mamirioni mashanu emadhora emari inozotorwa. Zvino kuti izofanira kuenda kuhurumende, kunobhadharira doro nezvimwe zvakadaro, asi anoda kuiisa patabhanakeri kuitira Ishe. Asi ndinovimba kuti inoenda kune mumwe muranda waMwari anozo. . . nekune imwe shumiro kuna Mwari. Asi, mamirioni mashanu emadhora akatorwa zvino. Funga pamusoro pazvo, yaizogadzira tabhanakeri yakadii.

Unoona kuti zvinotaridzika zvakanaka zvakadii, Rosella? Asi pane chimwe chinhu zasi *umu* chinotaura zvakasiyana. Maona? Maona? Chimwe chinhu zasi *umu*.

¹¹ Tinouya mutabhanakeri diki ino, yakare, imi vayeni. Saka, ino inogona kunge iri nzvimbo inoyevedza pano pakona, hamuzvicherechedze izvozvo, kuti vanhu vainge vachida kuvaka nzvimbo ino nekuigadzira. Asi iyi ndiyo nzira yatinoida iri. Maona, iyi ndiyo nzira yatinoida iri. Zvigarozvekare zvataive takagarira ipapo, ndizvo zvaive zvigarozve—zvekare zvepamavambo zve mutabhanakeri pano, zvakaifuura nemumafashama ndokuyangarara pamusoro pemvura.

¹² Bhaibheri rangu rakavhurika *kudai* papurupiti. Rakanamatira padenga ndokudzoka pasi neShoko paRiri, “Ini Ishe ndaidyara. Ndichaidridza masikati nehusiku pada mumwe angaitora kubva muruoko rwaNgu.” Takatyaira tichidatika nepamusoro payo neigwa, *pano*. Uye yakanyatsodzoka pasi chaipo, zvigarozvichidzokera panzvimbo yazvo. Zvoga zvavakatozoita kwaive kuikwasha nokuenderera mberi. Maona? Maona? Saka iyi ndiyo chete nzira yatinoifarira, uko kune

vanhuwo zvavo, nzvimbowo zvayo, uye naIshe vanoshamisa. Amen.

¹³ Zvino, nhasi, tine zvimwe, tiri kungotanga kupinda mune ruomba, munoziva, mushure mekunge mu—mukaka waburitswa wese, zvino ruomba bedzi. Zvino rangarirai, zvinotora mukaka kuburitsa ruomba, munoziva. Ru—ruomba zviwanikwa zvemumukaka.

¹⁴ Saka tange tiri mune yechi 1, yechi 2, zvino tiri kuzopedzisira mune yechi 3, uye nekutanga muchitsauko 4 cheBhuku rakabwinyiswa raVaHebheru. Uye, oo, dzidziso dzeBhuku rino! Tinogona kugara naRo, pandima imwe, kwemwedzi mitatu, uye tongoratidza kuti Bhaibheri rese rinosunganidzwa mundima yega-yega iri muBhaibheri. Makambozvifunga here izvozvo? Hakuna ndima imwe chete yaunogona kuisa munwe wako pairi, asi kuti, nenyasha nerubatsiro rweMweya Mutsvene, kuti tinogona kubatanidza Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa maRiri chaimo.

¹⁵ Hapana chimwe chidimbu chezvinyorwa chakanyorwa chero kupi hako chinogona kuita izvozvo. Uye maringe nemasvomhu, uye nenzvimbo, munzira dzese, hakuna Bhuku muBhaibheri rakanyorwa seBhaibheri...Hapana bhuku munyika, ndiri kureva, rakanyorwa seBhaibheri. Hapana. Manhamba emuBhaibheri anofambirana zvakakwana; kunyangwe zvitsauko, nenyora dzemutauro, nezvose, zvakakwana. Hakuna rimwe bhuku; haukwani kuverenga chitsauko kubva mariri risina kuzvipesanisa pachezvaro. Asi hapana kana kupesana kumwe muBhaibheri rose. Uye rakanyorwa nevanhu vazhinji, zhinji, zhinji; nemazana, nemazana, nemazana emakore akaparadzana, vasingazive chidimbu chimwe... Mumwe akaRinyora *pano*, uye mumwe akaRinyora *apa*, uye mumwe akaRinyora neche *apa*. PaRakazobatanidzwa rese pamwe chete, Rakagadzira Bhaibheri raMwari. Uye hapana rimwe rinopikisana nerimwe, uye, kwete, kwete masvomhu, zvenzvimbo. Chero chipi zvacho chemuBhaibheri, zvese, manhamba, zvese zvinofambidzana zvakana kana pamwe chete. Izvozvo hazvina kufemerwa, handizive, saka chii chamuchati kufemerwa? Ndinofara kwazvo nokuda kweBhaibheri rakaropafadzwa, rekare.

¹⁶ Vamwe vavo vakati, “Uri muKatorike here? Protestanti?”

Ndakati, “Handisi wechero yadzo. Ndinotenda Bhaibheri.” Ndizvozvo chaizvo. Ndinotenda Bhaibheri, uye ndinofara kuti tichine rusununguko rwekuRiparidza munyika ino. Oo, Rakaisvonaka.

¹⁷ Zvino tichadzidza kubva maRiri. Uye zvino tichavhura muBhuku ravaHebheru uye titange nechitsauko 3. Uye takasiira pandima 15. Uye zvino imi mose. . .

¹⁸ Ndaona mumwe munhu acherechedza, nguva yadarika, pandasimudza magirazi angu ekuverengesa. Hakusi kuti maziso angu akashata, asi ndakapfuura makore makumi mana ekuberekwa. Ndinogona kuriverenga, *pano* chaipo, zvingori sezvamazuva ese, asi ndinogona kuriverenga zviri nani nemagirazi. Zvino vakandigadzirira magirazi ekuverengesa ayo andinoda kushandisa, nekuti ndinogona kuriverenga zviri nani uye nekukurumidza. Uye ndizvo zvandaatorera. Zvino mu . . .

¹⁹ Kutanga, tinoda kanheyo kadiki, nekuti panogona kunge paine vamwe vaeni pakati pedu, vasina kutora chikamu chekutanga cheBhuku raVaHebheru.

²⁰ Ndiri here Mai Cox, vagere apa chaipo kumucheto? Zvakanaka, chokwadi ndiri kufara kuvaona. Ndisati ndatanga, sechapupu chenyasha dzaMwari. Heunoi pano mudzimai aive nekenza yaidya kumeso kwake. Ndivo mai vaHanzvadzi Wood. Zvino ndaive kuMichigan naGene naLeo, nevamwe, tichirekodha. Zvino ndiri munzira kuenda kumba, mudzimai akandiridzira runhare, kana kuti ini ndakamuridzira runhare. Akati, “Endai kumunamato nekukurumidza kuitira Mai Cox, amai vaMai Wood, nekuti kenza iri kuvadya kumeso kwavo.” Yakanga yatopinda parutivi rweziso uye ndokudzika kubhonzo, yakatsvetera padivi rechiso chavo, uye ichingopararira. Mumwe chiremba akaita chimwewo chinhu kwairi, zvakangoiita kuti itowedzera kushata, uye ndokungoiparadzira; akaisa imwe mhando yemushonga mairi.

²¹ Zvino vakavaunza kubva kuzasi kuCampbellsville, Kentucky, kusvika pa . . . kana kuti, ndinotenda, Acton, Kentucky, kusvika ku—kuLouisville, kuzorapwa.

²² Zvino saka Mai Wood, kekutanga pandakambovaona kuti vainetsekana. Nekuti, chokwadika, ndiamai vavo—vavo—vavo, uye chokwadi vaizonzwa kunetsekana. Ndakapinda mukamuri ndokuvanamatira, ndiine chivimbo chekuti Mwari vakati Vaizopindura munamato. Zvino mazuva mashoma, vakanga vabuda. Uye hapo pavakagara zvino. Nenyasha dzinoshamisira chete, zvaVakavaitira.

²³ Mungasimukawo here? Handisi kuda kukuitai we—we—weparuzhinji. . . Ko, ko kenza yaive neche papi? Pa—padivi rechiso, onai apo, padivi *iro* rechiso chavo, zasi neche *apa*, pane bhonzo ravo repadama, kumusoro kwakapoteredza ziso ravo. Zvino Mwari vakavapodza. HaVashamise here?

²⁴ Vangani vaive pano Svondo yadarika kuti vaone zvakaithwa naIshe kuburikidza nechiratidzo? Murume, aive zvose akaremara uyezve ari bofu, akagara pano chaipo muwiricheya. Zvino chimwe chinhu chakandirwadza apo mutana iyeye akanga akagara pano akati, “Hama Branham. . .” Ndinotenda kuti yaive hama iyi iri ipo pano. Vakati, “Itai zvimwe chetezvo kumukadzi wangu.” Vane mudzimai pano akaremara. Moyo wangu wakangonyungudika. Ndinoshuvira . . . Ndaipa chero

chinhu chiri munyika dai ndaikwanisa, asi hazvisi... hazvisi musimba rangu. Asi zviriri musimba rangu nesimba renyu, kunamata kuti Mwari vazviite. Vane mukadzi akaremara, ruoko rwakaremara, tsoka yakaremara, zvinoita sekudaro. Zvino murume uyu aive akatonyanyisa kudarika mudzimai, nekuti anogona kusimuka uye nekugona kufamba zvisihoma, asi murume uyu haaitombogona kuzviita. Zvino iye... Uropi, tsinga huru inoita kuti agone kumira yakanga isisipo. Mayos', vanwe vakawanda, vakamutadzirira. Uye mumwe muKatorike akamutumira kuno, chiremba muKatorike; zvino mwanakomana wake muprista paSaint Meinrad's zasi uko kuJasper, Indiana. Asi zviriri kuisa mabwe enheyo yerumutsiriro irworwo rwuri kuuya, zasi uko.

²⁵ Zvino wakati asimuka, akati, "Asi handikwanise..." Akatarisa, akati, "Hongu, ndinokwanisa." Akafunga kuti aive asingakwanise kuona, munoziva. Zvino akatarisa mudenga, uye zvakangoitika kuti akasimudza musoro wake mudenga, zvino ipapo aigona kufamba nekuona; akafamba achidzika neapo panofambwa napo, ari oga. Uye vaive maPresbyteriani. Iye aive muorthodox. Zvino taurai... Munofunga kuti bedzi vanhu vePentekosti kana veHoliness vanogona kudanidzira; wakararika. Chokwadi vanogona kuita kumwe kudanidzira kana vakaona chimwe chinhu chakadaro chaitika; vachimbundirana nokudanidzira. Akafamba achibuda kunze chaiko akadzika pamasitepisi, achisunda wiricheya yake; achifamba, netsinga dzinoita kuti agone kumira dzisimo mumusoro wake. Pafungei ipapo. Achifamba nemafambiro angaitwa newe kana ini. Oo, Vanoshamisa.

²⁶ Zvino, Pauro akanyora Bhuku raVaHebheru. Zvino mukunyorwa uku kwaVaHebheru, akaRinyora. Zvino asati anyora Mabhuku aya, tinoona... Zvino, tava ku... Iyi ikirasi yeSunday school, uye ndichaedza kutarisa uye ndorega kutora nguva yakarebesa. Uyezve tichava neshumiro, toenderera mberi nadzo manheru ano, Ishe vachitendera. Zvino, muBhuku raVaHebheru uye nedzimwe Tsamba dzose dzaPauro...

²⁷ Pauro aive ani? Akanga ari muHebheru akaperera, mudzidzi, uye mudzidzisi mukuru weTestamende Yekare. Uye akange akadzidziswa nemumwe wevarume vepamusoro-soro vezuva rake. Mumwe munhu ngaandiudze kuti zita rake raiva ani. Gamarieri, mumwe wevadzidzisi vakuru-vakuru vezuva rake. Uye Pauro akange akagara patsoka dzaGamarieri.

²⁸ Pane chimwe chinhu maererano ne... kwaunoenda, kuchechi kwaunoenda, uye nemudzidzisi anokudzidzisa. Manga muchizviziva here izvozvo? Zvi—zvino chimwe chinhu kwazviriri. Naizvozvo tinofanirwa kutsvaga yakanakisisa yacho yatinogona kuwana, zvadaro tiri kuwana zvakakanakisisa; kwete nekuti kune kushamwaridzana nezvimwe zvakadaro, asi dzidziso chaiyo yeBhaibheri.

²⁹ Tarisai, imwe nguva Israeri payakabuda vachienda murenje nemaauto avo, zvino vakafamba kwemazuva manomwe, zvino vakapererwa nemvura. Uye vakanga vava kuda kuparara, vakati, “Oo, dai paiva nemuporofita pedyo!”

³⁰ Zvino mumwe wavo akati, “Tine zasi kuno, Erisha. Aidira mvura pamaoko aEria.” Onai vaaiwadzana navo? Nemamwe mashoko, “Heunoi Erisha akava nekuwadzana naEria. Shoko raShe rinaye.” Munozviona here? Akange akadzidziswa zvakanaka. Zvino akati, “Ari pano. Ngatidzikei zasi tinomubvunza, nekuti mudzidzisi wake aive Eria, uye ane dzidziso yaEria maari.” Munooona kuti zvinoita mutsauko wakadai? Chokwadi. Tinoda kudzidziswa.

³¹ Saka, Pauro aive nedzidziso yaGamarieri. Uye Gamarieri aive murume mukuru akaita sarudzo, ari mudzidzi pachake, zvokuti apo zvese izvi zvokuenderera pazvakatanga pachechi yepakutanga, akati, “Ngatiregei kuisa maoko edu pane izvozvo, hama. Kana zvisiri zvaMwari, zvichazoshaya basa, zvakadaro. Asi kana zviru zvaMwari, uye tichirwisana nazvo, tichazviwana tichirwisana naMwari.” Munooona, akange aine imwe dzidziso yakanaka.

³² Pauro akange auya ari pasi pemurume uyu, uye aiziva kuti Pauro aive mudzidzisi mukuru. Saka, rimwe zuva, akatendeka mumoyo, achitambudza Chechi, achienda zasi kunovasunga.

³³ Zvino ngatitoreiwo chimwe chikamu chidiki chete kubva kuna Pauro, tichiwana nheyo yedu.

³⁴ Judhasi paakawa, nekudarika, nerudo rwemari nekuzvikudza kwehupenyu, akawa kubva panyasha ndokuenda kunzvimbo yake. Zvino vadzidzi vakati, “Panofanira kuva negumi nevaviri.” Uye chechi, nechiremerera chayo chose, kukuratidzai kuti chechi chii; nechiremerera chayo chose uye nesimba rayo rese, ichiri kumashure nemamiriyoni emamaera, payakanakisisa pachochi. Vakati, “Tinofanira kutsvaka, mumwe pakati pedu, achatora nzvimbo yacho.” Zvino vakasarudza, nekukanda mijenya, Matia. Mateo, ndinotenda, kana Matia. Matia, ndinotenda ndizvo. Zvino chero pese pavakamusarudza ndokumuisa nevanegumi nevaviri, pamwe nevanegumi nemumwe, zvakazoita vanegumi nevaviri, haana chinhu chimwe chete chaakaita. Ndiyo nguva yega zita rake parakangotaurwa muMagwaro. Yaive chechi ichiita sarudzo yayo.

³⁵ Zvino, vakafunga, “Iye murume kwaye.” Pasina kupokana. “Murume anoshamisa. Mudzidzi. Akangwara. Akadzidza. Munhu anoshamisa kwazvo. Anozatora chinzvimbo chaJudhasi uye ova mumwe wedu.”

³⁶ Asi, munoziva, Mwari dzimwe nguva vanoita dzimwe dze . . . kune maonero edu, dzimwe dzesarudzo dzakanyanyisa kuita dzeupenzi. Zvino, Mwari vakaona mumwe muJudha mudiki ane mhino yakakombama, akangozara nehasha sezvaaigona,

nemuromo wake uri padivi, “Ndichaenda zasi, ndinosunga mumwe nemumwe wavo. Ndicha—ndichavakandira mujeri. Ndichaita *zvakati*.” Ndiyo yaive sarudzo yaMwari.

Vamwe vese vakatora mudzidzi nemumiririri. Ndiyo sarudzo yechechi.

³⁷ Munooona, hamuzive kuti ndiani uyo ari paartari. Hauzive kuti ndiani iyeye wauri kupupurira, mujeri kana chero kupi zvako. Anogona kutaridzika semutambi wetsiva, nzeve dzake dzakapuzika, maziso akasvuuka, uye, asi hauzive kuti ndiani iyeye. Iwe ingokanda mujenya wako, ndizvo zvoga, mupe Shoko. Mwari vanotora sarudzo.

³⁸ Zvino Mwari vanosarudza muJudha uyu ane hashu, kana kuti vakamusarudza, waro. Ari munzira yake achidzika, “Ndichaenda zasi ndonovatora. Ndicha—ndichavaratidza zvandinogona kuita saizvozvo,” zvino Mwari vakangomuwisira pasi.

Mwari vakati, “Ndiyo sarudzo yaNgu, ipapo chaipo.”

³⁹ Hazvingave hupenzi here, kuchechi? “Nhai, anotambudza chechi. Murume ari munyama.” Asi Mwari vaiziva zvainge zviri mukati memunhu. Munooona zvandiri kureva?

⁴⁰ Saka, Pauro akave nechitiko. Vangani vanotenda kuti chitiko chinouya nekutendeuka? Chokwadi. Kana zvisina kudaro, ndaizopokana kutendeuka kwacho. Kutendeuka kunounza chitiko. Uye iwe haugone kuzviisa kune chero chinhu zvino. Dzimwe nguva kunogona kuva kudanidzira. Dzimwe nguva kunogona kunge kuri kutaura nendimi. Dzimwe nguva kunogona kuva kuchema. Dzimwe nguva kunogona kunge kuri kugomera. Hauzive kuti chii, saka usaedze kuzviti ndeizvi. Nekuti, mumwe nemumwe wenyu aratidza kukanganisa mazviri, imi maMethodisti, nemi maBaptisti, nemi maNazarene, nemaPentekosti.

⁴¹ Ndakaona vanhu vachidanidzira zvine simba sekugona kwavo kudanidzira, uye voba goridhe mumazino ako, dai vaikwanisa. Hongu, changamire. Ndakaona vanhu vachitaura nendimi sekudira pizi padehwe remombe rakaoma, uye—uye zvechokwadi chaizvo, aine fodya yekutsenga kune rimwe divi remuromo, uye ocheka huro yako kana achikwanisa kuzviita. Ndizvozvo chaizvo. Saka zvinhu izvozvo hazvina... Hakuna humbowo hwaunogona kuzviratidza, kunze bedzi nehupenyu hunoraramwa nemunhu wacho. “Nezvibereko zvavo, muchavaziva.”

⁴² Saka, zvese zviri kuna Mwari. Vanoita sarudzo. Vanounza zvinhu pamwe chete, uye ndizvo zvazviri. Saka kana hupenyu hwako huri kuenderana nezvibereko zve muBhaibheri, wava nemaonero akanakisa. Kana mweya wako uchipupurirana neMweya waVo, kuti muri vanakomana nevanasikana vaMwari, muri... Huiipi hwese hwakare hwadonha, uye zvinhu zvese zvave

zvitsva, uye wave kurarama murudo, uye une rugare, nenyasha, nezvimwe zvakadaro, wave kuswera pedyosa neHumambo zvino. Nekuti, Hupenyu huri mauri huri kuburitsa hupenyu hwerudzi irworwo. Maona?

⁴³ Kana ukati, “Oo, hareruya, ndakataura nendimi. Hareruya!” Izvozvo hazvireve chinhu. Izvo hazvireve zvakati wandei kupfuura pokuti dai waibuda kunze kuno uye woridza chuni pagitare kana chimwe chinhu. Hazvimborevi kana chinhu chimwe chete. Kunyange wakataura nendimi, kunyange wakadanidzira, nekumhanya uchikwidza nekudzika nemunofambwa namo, uye ukachema misodzi kusvikira sekunge wanga uchichekerera hanyanisi, hazvireve chinhu chimwe chete, hapana kana chinhu chimwe chete, kunze kwekuti hupenyu ihwohwo hwezvava nezvava huchitsigira chaizvoizvo, hunogara naZvo.

⁴⁴ Zvino, kana ukaita zvinhu izvozvo, pamwe nehupenyu hwacho, “ameni,” izvozvo, zvakana. Zvakana izvozvo. Asi unogona kuita zvinhu izvozvo usina hupenyu hwacho.

⁴⁵ Saka zvino, hapana kudandzira, hapana chinhu chakadaro chiri humbowo. Jesu akati, “Muchavaziva, nezvibereko zvavo.” Uye chibereko cheMweya hachisi kutaura nendimi. Hachisicho chibereko cheMweya. Kudandzira hachisi chibereko cheMweya. Kuchema hachisi chibereko cheMweya. Asi, rudo, mufaro, rugare, kutsungirira, hunaku, hunyoro, kutenda, kupfava, kuzvidzora, ndizvo zvibereko zveMweya. Maona? Ndozviri zvibereko zveMweya. Zvakana.

⁴⁶ Zvino, chikonzero tiine zvinhu izvi, vanofarira kuita masangano, munoono. “Saka, tichava naro. Mwari varumbidzwe, vese vanotenda nenzira yatinoita nayo, tichaenda nenzira iyi.” Vese vanotenda sezvatinoita nayo, tichaenda nenzira iyi.” Asi Mwari vanoda kuti vese vaende nenzira *Iyi*, kumusoro chaiko.

⁴⁷ Zvino, Pauro, mushure mekunge awana chiitiko ichi, akabva afunga kuti chaiva chiitiko chinoshamisa. Zvino, sei . . . Ngati—ngati—ngatitaurei zvechiitiko ichocho zvisomanani. Pauro aive munzira yake yekuDhamasiko, kunosungwa vamwe vanhu zasi ikoko, nekuti Vhangeri rakanga raparadzirwa zasi ikoko. *Vhangeri* zvinoreva “nhau dzakanaka.” Zvino vakapararira zasi ikoko, uye vanhu vazhinji vakanga vachisimuka, vazere nerudo, nemufaro, uye vachida Ishe Jesu. Uye Rakanga raparadzirwa zasi ikoko. Saka, Pauro akawana matsamba kubva kumuprisita mukuru. Akati, “Ini ndichadzika zasi, uye ndichavasunga, vese.”

⁴⁸ Saka akazvitorera boka diki revarindi, varindi vemutemberi, masoja, akaenda zasi-zasi nenzira. Pavaifora vachidzika nenzira, uye iye achingoziva zvese zvaakanga ari kuzoita, pakarepo, chimwe chinhu chakaitika. Pakarepo, pakava neChiedza chikuru pamberi pake, Chiedza chikuru. Zvino, Chakapenya sezuva. Chinhu chinoshamisa kuti chiitike. Chiedza

chakavhenekera zvekuti iye akango, maziso ake akapofomara, potse-potse. Ndokuwira pasi. Zvino iye—iye akarara pasi pavhu, zvino akatarisa mudenga.

⁴⁹ Panogona kunge paive nevarume gumi kana gumi nevashanu vaiva naye. Pane chero mumwe wevarume ivavo akaona Chiedza ichocho here? Kwete, changamire. Pauro akaChiona. Chaive chisina kugadzirirwa varume ivavo kuti vaChione. Saka, vamwe vanhu vanogona kuona zvinhu, izvo, vamwe vasingaoni. Maona? Saka, Pauro akaona Chiedza ichocho, zvekuti Chakatomupofomadza. Aisakwanisa kuona, kwemazuva akati wandei, Chaive mazvirokwazvo chaiwo kwaari. Uye akatadza kuona kweakati wandei . . .

Gare-gare, paakanyora matsamba, maziso ake aimunetsa zvakanyanya kubva pane izvozvo, kusvikira akazonyora nemavara makuru kwazvo. Akati, “Nekuona kuti ndakakunyorera nemavara makuru.” Aitadza kana kuona.

⁵⁰ Akanga ari mutirongo, uye akakumbira Ishe kuti vamupodze nekuda kwazvo. Zvino akaVakumbira katatu. Asi Ishe vakati chii? “Nyasha dzangu dzakakwana, Pauro.”

⁵¹ Pauro akati, “Saka ndicharumbidza muhutera hwangu.” Nekuti, akati, “Pada ndaizosimudzirwa pamusoro pehuwandu hweChizaruro, ndakapihwa nhume yadhiyabhore, munzwa munyama, anondidhonora.” Aimboita zviri nani kwechinguva, uyezve pakarepo otanga zvakare.

Kudhonora zvinoreva “chibhakera pamusoro pechibhakera.” Sechikepe chiri mugungwa, munoziva, mafungu anochirova, maona, kurova pamusoro pekurova.

Uye aidaro, aiita zviri nani, uyezve ova nazvo zvakare; obva aiita zviri nani, ova nazvo zvakare. Akati, “Ishe, chii chiri kunetsa, haMubvisi izvi kubva kwandiri?”

⁵² Vakati, “Nyasha dzangu dzakakwanirana, Pauro. Ingoenderera mberi.” Zvinozoramba . . .

⁵³ Akati, “Zvino, dai—dai ndaive ndakangokwana, uye zvinhu zvese zvakaringana,” akati, “zvino pandaizoenda, oo, ndaizvikudza ndoti, ‘Munoona, hapana chakaipa neni. Ishe vanondichengeta, hama. Hareruya!’” Saka uri kuwana kuzviruramisa.

⁵⁴ Mwari vanofanira kukupa chimwe chinhu chiduku, apa neapo, kuti zvigoita sekukuninipisa zvisihoma, munoziva. Ndizvozvo chaizvo. Kukuita sekuti ucherechedze kuti ndiVo Changamire. Oo, haVashamise here? Hongu, changamire, kubwinya chete!

⁵⁵ Saka iye, Pauro, zvadaro, nhai, mushure mekuwana chiitiko chikuru ichi . . .

⁵⁶ Zvino, dai ainge ari mumwe munhu nhasi, vaizoti, “Oo, Mwari ngavaropafadzwe, hareruya. Vakomana, Ishe vandiitira

chimwe chinhu! Kubwinya kuna Mwari!” Asi kwete Pauro; aive mudzidzi weBhaibheri.

⁵⁷ Chiitiko ichocho chinofanira kuenderana neShoko raMwari. Hongu, changamire. Kana chisina kusunganidzwa pamwe chete muBhaibheri. . . Kwete kungotarisa *kuno* uku, woti, “Oo, hongu, hezvinoi zviri pano chaipo. Mwari varumbidzwe, ndinaCho.” Huh-uh. Haisi iyo nzira yaChinopihwa naMwari.

⁵⁸ Rinofanira kunge riri Bhaibheri rose, rose zvaRo. Nekuti, unogona. . . Vasingatendi vanoshandisa Bhaibheri iri pazvikonzero zvavo zvepekuitira gakava. Asi vanotora Gwaro diki *pano*, vovhura neche apa uye votora rimwe diki neche *apa*, voedza kuaita kuti abatane pamwe chete, zvino dziri nyaya mbiri dzakasiyana, zvachose. Saka, unofanira kuita kuti Gwaro rienzane neGwaro.

⁵⁹ Sekutaura kwakaita Isaya, chitsauko 28, “Rinofanira kuva mutsara pamusoro pemutsara, mutsara pamusoro pemutsara; apa zvishoma, apo zvishoma.” “Mubatisise pane zvakanaka.” Munoono, heyo nzira yaRinouya nayo: mutsara pamusoro pomutsara, Shoko pamusoro peShoko, Gwaro pamusoro peGwaro. Zvinofanira kubatana pamwe chete. Ndicho chikonzero, ndichifunga, muzvidzidzo izvi kwvatiri kuva nazvo zvino, chinhu chikuru kucheche, nekuti zvinovasvitsa panzvimbo yekuti Magwaro ese anobatana pamwe chete. Zvino chiitiko chedu chinofanira kubatana neGwaro iroro. Oo, hezvoka izvo! Kana zvikasadaro, saka hazvisizvo.

⁶⁰ Uye kuti ndakafamba kwemakore, ndisingazive kuti Chiedza chacho chaive chii chiya chakarovera Pauro pasi. Apo, nyika yekunze, Magwaro. . . Vanhu, vaparidzi vakaedza kundiudza, “Ndezva dhiyabhore. Nhai, uchange uri muuki. Uchange uri munhu anosvikirwa. Rega kutamba naiZvozvo, Billy. Pane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka neIzvozvo. Usadaro, mukomana. Handizvo. Ndidhiyabhore. Saka, mukomana, unenge uri svikiro rezuva nezuva. Unenge uri munhu anosvikirwa kana ukadaro. Oo, zvese ndezva dhiyabhore. Izvozvo—izvozvo hazvina kunaka.” Asi apo. . . Ndakanga ndisingadi kuzviparidza izvozvo.

⁶¹ Asi sepamugwagwa achidzika kuDhamasiko, Pauro aisada kuzviparidza, kusvikira aona kuti chaive chokwadi here kana kuti kwete. Saka anodzika zasi kuArabia kwemakore matatu, zvino ndokunonzvera Rugwaro. Aa! Paakabuda, akati, “Zvino zvizunzei kubva mandiri.”

⁶² Aiziva kuti aifanira kutarisana nevaFarise. Aifanira kutarisana nevaSadhuse. Aifanira kutarisana nenyika, uye nenyika yeMarudzi. Uye saka Pauro, Bhaibheri iri rakanyorwa, Bhuku rino raVaHebheru, rakanyorerwa chinangwa ichocho. Ari kuzungunza vaHebheru ivavo, uye achitora Testamende Yekare iyoyo zvino oIratidza kuno uku muTestamende Itsva. “Ava ndiMwari,” akati, “hezvinoi Izvi, pa—pavaporofita vese

nezvese.” Ndokutangira kumashure uko pakutanga, chitsauko l chataive nacho, “Nekuti Mwari munguva dzakare, kare-kare munguva yekare, nemitowo mizhinji, vakataura kumadzibaba kubudikidza nevaporofita.” Ndiko kuunza kwakaita Mwari mharidzo yaVo, yakaedzwa neUrimi neTumimi. “Asi muzuva rino vakataura nesu kuburikidza neMwanakomana waVo, Kristu Jesu,” ndokuedzwa neBhaibheri raVo. Hezvoka izvo.

⁶³ Saka zviitiko izvi zvinotaurwa nenyika, “Oo, ndezve pfungwa. Handiti, hapana munhu. . .” Pakaonekwa Mutumwa uya, Chiedza chiya zasi kuno kurwizi, pandakaparidza rumutsiro rwangu rwekutanga pano pakona, takabhabhatidza vanhu vese ivavo. . .Ndinotenda, Hama Fleeman, munogona kunge makanga muri mune. . .Handizive kuti makanga mave pano ipapo kana kuti kwete. Vangani vaive pano apo—apo Chiedza chakaonekwa parwizi? Pane mumwe here wevatendi vekare pano? Hongu, vamwe vavo. PaChakadaro, zasi kuno kurwizi.

⁶⁴ Zvino vakati, “Kwaingova kuona madzengerere.” Vazhinji vedu tainge takamira, takaChitarisa, zvino heCho ndokudzika. Uyezve makore akazotevera, Mwari vakaChiratidza neziso remuchina wekamera. Ichokwadi.

⁶⁵ “Saka, ndechi—ndechimwewo chenhema, ndechimwewo chinhu here chino—chino. . .?” Kwete, changamire. Tiri kuzvitora muno chaimo muBhaibheri uye nokukuratidzai. NdiIshe Jesu vamwe chete. Vanoita zvimwe chete. Kuita kwaVo kumwe chete. Simba raVo rimwe chete.

⁶⁶ Tarisai, Svondo yapfuura, pano. Uko, ndakarara pamubhedha wangu, ndisina kumboona murume wacho muhupenyu hwangu. Ndakabuda uye ndikati, “Pane murume patabhanakeri, uye acheni, musoro mutema, uri kuchena. Ibofu, uye haagoni kufamba. Ari muwiricheya. Mumwe murume ane bvudzi dema amutumira kuno; chiremba, Chiremba Ackerman, murume ane bvudzi dema, murume wechiKatorike. Atumira murume uyu, akagara apo chaipo. Zvino ZVANZI NAJEHOVHA,” akasimuka, ndokufamba achibuda aine kuona kwake nezvose. Chii chakazviita? Heunoi Mutumwa mumwe chete. Mumwe chete Iyeye akarovera Pauro pasi, munzira inoenda kuDhamasiko, anogara muChechi yaKe nemuvanhu vaKe nhasi. Rugwaro rwuchienzaniswa neRugwaro. Ndiyo nzira yazvinofanira kuva.

Oo, tine *vanodziya*. Tiri kupinda mune izvozvo, mushure mechinguva.

⁶⁷ Oo, tine chinhu chakadzika pamberi pedu, kana tikakwanisa kungopinda machiri, nhasi nemanheru ano. Zvino zvangotanga kupinda mumvura dzakadzika. Uko iwe. . .

⁶⁸ Munoziva, pandakanga ndiri mukomana mudiki, ndaiwanzova nekadziva kadiki kunze kuseri kwemba, zvino

ndaienda kunze ikoko. Uye isu tese vana vadiki taipinda imomo, takashama; tiri vadiki, vangangoita makore matanhatu, manomwe ekuberekwa. Zvino isu . . . Mvura yakadzika zvakada *kudai*. Chakanga chisina kunyanya kusiyana nechidziva chemunotambirwa nenguruve mumatope. Zvino ndaive nebhokisi resipo ipapo. Ndairatidza kuti ndaigona kusvetukira mumvura; ndobata mhuno yangu, ndopfachura mvura, ndichienda *saizvozvo*. Zvino dumbu rangu duku rainorova madhaka, munoziva, uye aingomwararika achienda kwese-kwese. Ndakaudza baba vangu kuti ndaigona kutuhwina.

⁶⁹ Vakanditora seri ikoko rimwe zuva. Vakati, “Ndinoda kukuona uchituhwina.” Ndakasvetuka kubva ipapo, munoziva; ndakabvisa hembe dzangu, mukadondo kadiki; zvino ndokumhanyira zasi, ndokurova mvura. Ndakatanga kupfachura, madhaka achimwararika kwese-kwese. Zvino Baba vaive vakagara pamusoro pedhireni remvura. Vakagara ipapo vakanditarisa kwemaminitsi mashoma. Vakati, “Buda mugomba iroro remvura, uye unogeza, uende kumba.” Maona?

⁷⁰ Saka, ndiyo yakangoda kuita senzira, vamwe vedu vanozvidaidza kuti Makristu. Tinokambaira mumadhaka. Ndizvozvo. Chero bedzi wakabaturira, “Ndiri muMethodisti. Ndiri muPentekosti. Ndiri muPresbyteriani. Ndine humbowo; NdakaUwana.” Uri kukambaira mumadhaka.

⁷¹ Rimwe zuva ndaive nababamunini vangu. Ndakaramba ndichivaudza . . . Vaive nemakore gumi nemashanu, gumi nematanhatu ekuberekwa. Takanga tiri parwizi. Ndakati, “Babamunini Lark, ndinogona kutuhwina.” Zvino ndainge ndakagara kumashure kweigwa, munoziva, ndichinzwwa zvakana uye ndakachengeteka. Vakangatora chikwasvo ndokundisundidzira kunze, mumvura yakadzika zvingaita mafiti gumi. Zvakanga zvasiyana ipapo; kupfachura-pfachura kwese, kuzhambatata, kwawakambonzwa muhupenyu hwako.

⁷² Rimwe zuva unosundidzirwa, zviru nani uzive paumire. Hongu, changamire. Kana uchiMuziva, uchave . . . Zviru nani kunyatsoMuziva. Ndizvozvo chaizvo.

Asi zvino tava kuenda mumvura yakadzika, mvura yakadzika, uko kuchakuita kuti unyure kana iwe—kana iwe usiri muKristu akanaka, akagwinya.

⁷³ Cherechedzai Shoko. Pauro, akatanga azviona. Akadzokera muTestamende Yekare, zvino akawana izvi. Akaona chitiko chake ichocho, zvezamazvirokwazvo. “Zvino chaive chiiko Chiya chakandirovera pasi?”

⁷⁴ Chaive Chiedza, Chiedza chikuru chakamira ipapo, chaipenya sezuva, chakamira pamberi pehuso hwake. Akati, “Sauro, Sauro, unoNditambudzireiko?”

⁷⁵ Akati, “Ishe, ndiMi Aniko wandinotambudza?”

⁷⁶ Akati, “Ndini Jesu.”

77 “Ndakafunga kuti Aive mu—munhu, aive ane ruoko rwune mavanga, wavanotaura kuti ari kuonekwa mumisangano zvino, aine mavanga ezvipikiri mumaoko Ake nemusoro waKe.” Kwete, kwete; kwete mutumbi *iwoyo*, kwete mumutumbi *iwoyo*. Maona? Iye zvino ave Chiedza. Sauro . . .

78 PaAive pano panyika, Akati, “Ndinobva kuna Mwari. Ndinodzokera kuna Mwari.”

79 Aiva Mutumwa akatungamira vana veIsraeri muChiedza ichi, nemurenje. Akadzokera kuChiedza chimwe chete ichocho. Zvino Pauro akaChiona, kubva muTestamende Yakare. Akati, “Ndini Jesu, Mutumwa weSungano.”

80 Uye Akava nyama, kuti atidzikinure. “HaAna kutora chimiro cheNgirozi,” tinoona muzvitsauko zvekumashure, zvatiri kudzidza. “Haana kumbotora hunhu hweNgirozi, asi aive Mbeu yaAbrahama,” kuti Agozivikanwa, kuti vanhu vakwanise *kuona* Mwari. Amenii.

Zvino Anoti, “Ndichadzokera kune Ichocho.”

81 Zvino Pauro paakaChiona, akati, “Chokwadi, aive Iye. Aive Iye.”

82 Petro akava nechitiko humwe husiku paainamata. Chiedza chimwe chete chakauya muchivakwa, ndokuvhura misuwo pamberi pake, ndokubuda kunze mumigwagwa. Zvino Petro akafunga kuti airota; akange akazodzwa kwazvo. Haana kuziva kuti chii chakatora nzvimbo. Akati, “Ndichangomuka here? Asi ndiri kunze kuno mumugwagwa.”

83 Zvino akaenda zasi kumba kwaJohane Marko. Zvino musikana mudiki akavhura musuwo, mumwe mudzimai wechidiki ipapo, akange ari mumusangano wekunamata. Mumwe munhu aigogodza pamusuwo. Ndokuvhura musuwo. “Oo,” akati, “heunoi Petro iko zvino. Muri kumunamatira kuti abude mutirongo. Ishe vamudzikinura.”

84 “Oo,” vakati, “ibva iwe.”

“Oo Ishe, mudzikinurei!”

85 “Nhai,” ati, “akamira pamukova, achigogodza.”

Petro akaramba achingogodza, “Regai ndipinde.”

86 “Oo,” akati, “ndiPetro.” Mazuva iwayo, vachinazvo, kahwinda kadiki kekuonesa. Chivharo chidiki apa, unochisimudza wotarisa panze, munoona. Usati wapinza muenzi wako mukati, unofanirwa kuziva kuti ndiani ari kugogodza pasuwo rako. Nekuti, vaive nemakororo; kana ukavhura musuwo, vaikuuraya.

87 Saka, vakavhura musuwo. Akati, “NdiPetro.”

88 Vakati, “Oo! Oo, ini zvangu, afa. Ingirozi yake yakamira apo. Maona? Anga atopinda mumutumbi wake wakabwinyiswa, munoziva, tiyofani iya.”

⁸⁹ Munorangarira kuti takaZvitora sei, Dhaimani guru, kuti Rairatidza Chiedza sei, kuti Chakadzokera sei ikoko? Iyo... “Tabhanakeri ino yevhu kana yaparara, tine imwe kare yakatimirira.”

Zvino vakafunga kuti Petro akanga atofa, mutumbi wakare uyu wainge wadonha, uye vaizouviga mumazuva mashoma, ainge apinda mungirozi yake, kana kuti wake wakabwin... Kwete mutumbi wakabwinyiswa, asi mutiyofani yake, mutumbi wakatogadzirirwa kare. Waisakwanisa kukukwazisa maoko ako. Hauna maoko ekukwazisa, saizvozvo, asi uri mumufananidzo wemunhu. “Akauya zasi, zvino aigogodza pamusuwo.”

⁹⁰ Akati, “Kwete. NdiPetro. Akamira ipapo.” Akavhura musuwo ndokupinda. Hapo paaive. Zvino, Petro aive adzikinurwa neChiedza ichi.

⁹¹ Zvino, nenzira imwe chete iyo yepakutanga...kuti Pauro, muChechi yepakutanga, akaona Chiedza ichocho chaMwari chakavhenekera pana Pauro, Chinhu chimwe chete chadzika. Zvino, vanhu vanogona kutaura chero chinhu, izvozvo hazvizviite kuti zvive zviru izvo. Asi kana Mwari vakaratidza chero chinhu, basa raCho rinoChiratidza. Tevere, kamera inoChiratidza. Uye zvese izvo isu...izvo zvakaitwa naIshu, zvakanzira zvakaitidzwa zvamazvirokwazvo, zvisingakundiki kuti NdiMwari, neMagwaro, nemaitiro aCho, nechitiko. Asi havateereri.

⁹² Tarisai pano mutabhenakeri ino. Zvino, rangarirai, munoziva izvi. Hatishuviri mhomho yevanhu. Hatina nzvimbo yepekuvaise, zvakadaro. Asi, tarisai. Musanganano werudzi urwu, uko kwatanga tichiungana pamwe chete kuitira izvi, unofanirwa kukwezva maFalls Cities. Asi vakafa. Vakafa zvachose. Vane meso asi havaone.

Unoti, imi, “Sei, Hama Branham, vasingaendi kuna chiremba kuti vanogadziriswa meso avo?” Haagoni kugadzirisa mhandu yekuona kwakadaro.

⁹³ Jesu akati, “Dai mainge maNdiziva, mungadai maiziva zuva Rangu.” Akati, “Imi vaFarisei mapofu. Munogona kunzvera chiso chematenga, asi zviratidzo zvenguva, hamugone kuzvinzvera.”

⁹⁴ Zvinopfuura nepamusoro pemusoro wenyu here? Teereri. Tarisai kuzviratidzo zvatiri kurarama mazviri muno. Zvino, hazvisi chete zvimwe...Ini, pachangu, ndinongovawo munhu, asitombori muparidzi, waungataura nezvake. Handina dzidzo, anonzi nenyika, “muparidzi.” Uye isu tingori vanhu varombo. Tarisa uone chivakwa chatiri machiri. Tarisa kumacathedral, mangwanani ano. Asi tarisai kwacho kuna Mwari. Hecho chinhu chacho.

⁹⁵ Ndizvo zvaive Moabhi yakamira ipapo mukubwinya kwayo kwose nerunako rwayo, asi hapo paiva neIsraeri iri mumatende.

Asi Mwari vaivepi? Pakanga paine boka revaumburuki vatsvene vadiki zasi ikoko, vachiita zvese zvaivepo zvisiri izvo. Asi Bharami, mubhishopi wavo—wavo, akatadza kuona Dombo rakarohwa, iya Nyoka yeNdarira, Shongwe yeMoto iya. Maziso ake aive akapofomara. Haana kukwanisa kuIona. Akati, “Vari kungoita zvekuIfungidzira.” Asi Akanga aripo.

⁹⁶ Mwari varopafadzwe, oo, Vari pano! Mwari vari pano, uye Vari kuita zvimwe chete zvaVakamboita. Uye Vacha-... Tinoenzanisa Rugwaro neRugwaro. Mwari havana kumbobvira vakazviratidza sechimwe chinhu chikuru, panyika, asi nguva dzose Vakagara pakati pevanhuwo zvavo uye vakaninipa. Uye heuno pano paAri mangwanani ano, achiita zvimwe chete. Gwaro rinoChisimbisa. Kamera inoChisimbisa. Zvino, ndicho, chikonzero ndichinongedzera kumufananidzo iwoyo, hazvisi nekuti ndiripo ipapo. Ndiri—ndinongori mutadzi, akaponeswa nenyasha, sezvamuri. Asi zvandiri kuedza kutaura, ndezvekuti, Hungori Hupo hwaKe hunesu. Ndicho chinhu chikuru. Saka, kana Akandiita Erisha mumutumbi we—wenyama, kana wainge usina kutenda kuti uzvitende, hazvina chakanaka chazvaimbokubatsira zvachose.

“Akauya kune vokwaKe chaiVo, vokwaKe chaiVo havana kuMugamuchira.”

⁹⁷ Ndicho chikonzero, muno muguta nhasi. Handiti, ndinogona kutanga rumutsiriro pano, mune chimwe chivakwa chihombe kana chimwewo, haumboita kuti vanhu vazhinji vazvitende. Havatongodaro. Havakwanise. Zuva ravo rapera.

⁹⁸ Chidzidzo chimwe chete ichi, mangwanani ano, muAfrica, pamwe chaiburitsa zviuru gumi, pada, mweya zviuru gumi kuna Kristu; apo pachigona kuva paine mutadzi mumwe chete akagara pano mangwanani ano, kana zvimwewo, mumwe munhu akadzokera shure. Vazhinji vavo vakaharwa nevhangeri zvakananyanya, kusvikira pekuti zvapera. Ndizvo zvega.

⁹⁹ Asi zvatiri kuedza kutaura, ndezvekuti, Rugwaro rwunofananidzwa neRugwaro. Zvino, hazvina basa kuti chiiitiko chakakura sei, kunze kwekunge chichienderana neGwaro, hachina kunaka.

Urimi neTumimi, zvisinei nekuti muporofita aive akanaka sei, kana akataura uye zviedza zviya zvisina kupenya paUrimi neTumimi, zvaive zvisizvo. Kuti chiroto chacho chichiratidzika zvakanaka sei, kana chikasapenya paUrimi neTumimi, chaive chisina kunaka.

Huprisita ihwohwo pahwakapera, Mwari vakaisa Bhaibheri raVo kumusoro. Pauro akati, “Kana Mutumwa anobva Kudenga akauya,” VaGaratia 1:8, “uye oparidza chero rimwe vhangeri kunze kweiri rakatoparidzirwa imi, ngaave akatukwa.”

¹⁰⁰ Mutumwa akabva Kudenga akati kuna Johane muzaruri, akanga ari Mwari pachaVo, “Ini Jesu ndakatumira mutumwa

waNgu kuzosimbisa, kana kuti kuzoratidza zvinhu izvi.” Akati, “Kana chero munhu akawedzera shoko rimwe kwaRiri, kana kutora Shoko rimwe kubva maRiri, mumwe chete iyeye achabviswa muBhuku reHupenyu, kwaari.” *Iri* ndiro Racho, Bhaibheri.

¹⁰¹ Naizvozvo, zvinhu izvi zvatiri kuva nazvo zvichiitika pakati pedu pano, dai zvisina kusimbiswa neShoko raMwari, zvaizenge zvisina kunaka; Handina basa kuti chii chaitora nzvimbo, zvaizove zvisiri izvo. Saka zviri muMagwaro, chiri Chokwadi chemazvirokwazvo. Oo, ndiri kufara kwazvo kuti ndiri nhengo yeMutumbi mukuru waKristu.

¹⁰² Zvino, ngatiendei zvino, tiri kudzika kuchidzidzo. Zvino, takapedzisira neche apa paakati, “Tichiona kuti takakomberedzwa . . .” kwete . . .Ndine hurombo. Apa, ndanga ndiri kutaura chitsauko 12. Ndanga ndichichiverenga, asi handina kuchinzvera. Ini . . .

¹⁰³ Hama Norman, vari kugara kumba kwangu kumusoro uko, uye vanoziva kuti ndakangobva kupinda nezuro, uye hama dzinoziva, zasi uko, ndichangobva kupinda. Nguva yega yandanyatsoverenga Gwaro, pandanga ndakagara pano chaipo, maminiti mashoma apfuura. Ndizvozvo chaizvo. HandiRinzvere, ndinongomirira Mweya Mutsvene kuti uRipe sezvaUnoda. Unoziva munhu wacho paari—paari, anofanira kuva naRo. Saka kana ndiine chimwe chinhu chandakafunga mupfungwa dzangu chandiri kuzotaura, zvararo hachina kunaka. Asi kana ndikangoUrega uchizviita, UchaRitora rakananga chaipo panzvimbo paRinofanira kuva. Maona? “Usafunganya pamusoro pezvauchataura, nekuti haAsi iwe anotaura, NdiBaba vako vanogara mauri. Ndivo vanotaura.”

¹⁰⁴ Zvino, chitsauko chekupedzisira, chitsauko chakapfuura, takanzwa izvi, kuti, “Ko tingapukunyuka sei, kana tisina hanyin’a neruponeso rukuru urwu; Rwakatanga kuparidzirwa kwatiri naIshe Jesu, uye naIvo pamwe nevaya vakaVanzwa?” Zvinhu zvimwe chetezvo zvakaaitwa naJesu, kuratidza, zvinhu zvimwe chete izvozvo senge zvinoitika pano: Mutumwa waMwari mumwe chete, mabasa mamwe chete, humbowo humwe chete, zvese zvimwe chete, zvese zvichifambirana, Vhangeri rimwe chete, pamwe chaipo neShoko. “Kana zvakaadzidziswa naShe, zvobva zvasimbiswa nevadzidzi vaKe vatakanzwa,” Pauro ari zvimwe chete, “ko isu tichapukunyuka sei, kana tichishaya hanyin’a neruponeso rukuru rwakadai?”

¹⁰⁵ Zvino, Pauro aitura izvozvo kuvateereri vake vechiHebheru. Zvino, vainge vasina matepi rekodha, nhasi, seatinawo pano. Asi vaive nevanyori vaive vagere ipapo, vachiZvinyora pasi sekungoZviparidza kwaiita Pauro.

Uye ndizvo zvaZviri pano chaipo. Tiri kuZviwana nematepi rekodha, uye matepi aya anoenda pasi rese, munoona, kuratidza kuti IChokwadi. Chinamato chedu hachisi pasina, NdiJesu

Kristu akamuka zvamazvirokwazvo, chinhu chimwe chete. Zvino hatifanire kuZvishaira hanyn'a.

¹⁰⁶ Zvino, usangoenda uchibva kuchechi, nhasi, woti, “Zvakanaka, ndinoita sekufarira kuenda zasi uko. Ndinofarira kuimba kwacho, uye vanhu vacho vane hushamwari uko kukachechi kadiki kekare kaya.” Usadaro.

¹⁰⁷ Hama, rega moyo wako uve rimi remoto, woti, “Pano, ndinofanira kuita chimwe chinhu pamusoro peizvi. Ndinofanira kubuda kunze ndione kana ndingaita kuti mumwe munhu aponeswe.”

¹⁰⁸ Uye usabuda, uchiti, “Mwari varumbidzwe, kana ukasatendeuka, uri kuzoparara.” Kwete.

Enda pazviri zvinyoro. “Iva nehungwaru senyoka, usingakuvadzi senjiva.” Munoono, ndiyo nzira yekuita nayo. Enda kumunhu wacho, kana achipfuya huku, taura nezvehuku, kwaari, kwechinguva. Maona? Uyezve, chinhu chekutanga unoziva, unenge wava kutaura nezvaShe. Kana ari murimi, taura nezve purazi rake.

¹⁰⁹ Kana achitengesa mota, taura nezvemota dzake, kwechinguva, “Mota dzamuinadzo dzakazonaka,” nezvimwe zvakadaro. Maona?

¹¹⁰ Kusvikira wabata Mweya, Baba pavanoti, “Ino ndiyo nguva yekutaura naye nezve mweya wake.”

¹¹¹ Unogona kuzvipedzesa, munoono, “Iyo imota yakanaka. Munomboziva here kuti zvekufambisa, nhasi uno, zvava chinhu chikuru kwazvo. Oo, kuti nyika dzakaswededzwa pedyo pamwe chete; uye nemaguta edzinyika dzedu, ave pedyo nepedyo. Shamwari navanaamai vanogona kushanyirana. Munoziva, chinhu chakanakisa kwazvo kuva nemotokari seyauri kutengesa.”

¹¹² “Hongu, changamire. Ichokwadi ichocho. Uh-huh.” Munoziva, achipfumbura ndudu yake, kana chero zvazvingava. “Hongu, idzo, idzo imota dzakanaka.”

¹¹³ “Makambofunga here kuti ivo vatendi venguva dzakare vaifungei kana vaizoona chimwe chinhu chakadaro?” Uchingoramba uchienda saizvozvo, unoziva.

Mushure mechinguva, anoti, “Ehe, hongu, chokwadi ndizvozvo.”

¹¹⁴ “Munoziva, chimwe chinhu chazvinoita, zvinounza sekunge patiri kuita, semurumutsiriro. Vanhu vanogona kuuya vachidimbura nemunyika, nekukurumidza, kurumutsiriro.” Unoono, uri kuvhura nzira, nguva dzese, unoziva.

¹¹⁵ Kana uchinzwa Chimwe chinhu chichimisa nzira, mira pakare ipapo, enda neche *kuno*. Sezvakataurwa nachiremba, kunze kuPhoenix, akati, “Ishe, zadzai muromo wangu namashoko akanaka, uyezve mondikwenya kana ndataura

zvatakwana.” Maona? Hongu. “Ndikwenyei kana ndataura zvatakwana.”

116 Zvino, cherechedzai zvino, tichatangira kubva pachitsauko 15, kana kuti ndima 15 yechitsauko 3, nepedyo zvino.

Apo zvichinzi, Nhasi kana imi...muchinzwa inzwi rake, musaomesa moyo yenyu, sepanguva yokutsamwisa.

117 Zvino tarisai Pauro achitaura pano. Zvino zvinonzi, “Nhasi, mushure menguva yakareba kwazvo.” Tiri kuzopinda mazviri mushure mechinguva, kuti, “Nhasi, nguva yakareba kwazvo.” Anouya muchitsauko chinotevera, “Mushure menguva yakareba kwazvo.”

...zvichinzi, Nhasi kana imi...mukanzwa inzwi rake, musaomesa moyo yenyu, sepazuva rekutsamwisa, pavakatsamwisa Mwari.

118 Zvino ngativerengei ndima inotevera.

Nekuti vamwe, vakati vazvinzwa, vakatsamwisa:...

Zvino ari kutaura nezvei? Vhangeri.

...kunyange zvakadaro havazi ivo vose vakabuda muEgipita naMosesi.

Asi vaAkashungurudzika navo kwemakore anamakumi mana? havasi ivo vakatadza here, vaive nemitumbi yakawira murenje?

119 Ngatimbomirai pano zvishoma. *Kutsamwisa*, “pavakatsamwisa.” Zvino Mwari vakaitei? Zvino Pauro ari kuedza kutaura. Chii Icho chakavatungamira kubuda muEgipita? Akanga ari Mosesi here? Kwete. Mosesi aiva mudziyo wenyama.

120 Zvino tine nheyo pano. Tinoda kutwasanudzwa zvino. Patinorova panzvimbo iyi pazasi apa, mumaminitsi mashoma, mucha—muchazviona.

121 Zvino, Mwari vaive nevanhu vaVo vakazorora zvisina kugadzikana. Vakanga vari zasi muEgipita. Vakanga vasiri panzvimbo yavo chaiyo. Vakanga vari kunze kwenyika yokumusha kwavo. Vaive vatorwa uye nevafambi, zvino Mwari vanga vachizovaunza kubva munzvimbo iyoyo yavaive vakapfigirwa, mu—muEgipita, kunosvika kumusha kwavo.

122 Mufananidzo wanhasi uno; hatina kugadzikana. Pano hazvitore nguva refu. Vakomana vadiki vane maoko akafuta vachitamba nenhombo, vasikana vadiki vaine zvidhori, vachitamba; chinhu chekutanga unoziva, wava nevhudzi rakachena, uye nekuunyana. Pane chakakanganisika pano. Uno hausi musha. Tiri panzvimbo isiriyo. Ndosaka tichiti tiri vafambi nevatorwa. Chimwe chinhu chakaitika.

123 Mumwe mudzimai mudiki ati, mangwanani ano mukamuri, nezvekuti vanhu vanomuseka, dzimwe nguva. Ndati, “Asi, hanzvadzi, mudikani, hamusi wevanhu ivavo.” Tiri vanhu vakasiyana.

124 Musikana wangu mudiki akati, “Baba, vasikana *vakati-vakati* vakaita zvinhu *zvakati-zvakati* zvakaita.”

125 Ndakati, “Asi, tarisa, mudiswa,” vaive nemarekodhi aya aElvis Presley, ndikati, “Handingavada mumba mangu.”

126 Akati, “Asi, baba, vasikana vadiki vakanaka.”

127 Ndikati, “Vanogona kunge vari. Handina chekutaure ndichipokana nazvo. Asi pane chinhu chimwe chete, takasiyana. Isu takasiyana. Kwete nekuti tinoda kuve takasiyana, asi Mweya uri matiri wakabuda kubva mune izvozvo. Uri weimwe nyika.”

128 Pandinoenda muAfrica, handigone kujairira kune mararamiro avo—avo—avo. Havapfeke chero hembe. Vakashama. Uye vanonhonga chimwe chinhu chakaora, chine honye machiri, vanochidya, zvakadaro, hazvina kana musiyano wazvinoita. Maona?

129 Uye Izvi zvakasiyana. Munoziva, imwe nguva, isu tese takanga takadaro, asi budiro yehungwaru yakatiunza uye ndokutiita vakasiyana.

Uye kutendeuka kwazviwedzera zvakapetwa kamiriyoni. Hatichadi zvinhu zvakaora zvemunyika zvakare. Kristu akatiita kuti tive Makristu, sebudiro yehungwaru yakatiita kuti tive vakachena. Zvino cherechedzai, kwete izvozvo chete, asi tinopupura kuti tiri vafambi uye nevatorwa. Hatisi venyika. Zvino, hauzodi kana nechekuita nenyika. Uye zvinhu izvozvo zvakapfuura.

130 Zvino, Israeri yakanga iri zasi muEgipita. Vakanga vasiri vaEgipita. vaEgipita, zvainyadzisa kuti muEgipita aise maoko ake pahwai. Zvino Israeri yaive vafudzi vemakwai. Uye zvinofanirwa sei zvakabata Mosesi, mushure mekushoreka kwese kwekuva muEgipita, vachengeti vemombe.

Makacherechedza here zvakange zvataurwa naFaro kuna Josefa, nezvimwe zvakadaro? “Chinyangadzo.” Akati, “Vanhu vako vafudzi vemakwai.” Uye kunyangwe muEgipita aisagona kana kuisa maoko ake pamufudzi wemakwai. Aive munhu akasiyana.

131 Uye ndozvazviri neMukristu, nhasi, kana azvarwa patsva. Hazvisi... Itsvina kuti iye awadzane uko vanhu vari kunwa nekutaure nyambo dzakasviba, uye nevakadzi vasina kupfeka. Uye zvese... Izvo, i—itsvina. Oo, ngavakudzwe Ishe! Tiri vafambi pano. Tiri vatorwa pano. Mweya wakashandurwa, uye tiri kutsvaga Guta uko vakadzi havapfeki zvikabudura. Tiri kutsvaga Guta uko kwavasina mabhawa. Tiri kutsvaga Guta mariri munogara kururama. Saka, tiri vafambi.

132 Saka, Mwari vakadzika vari mubhora guru Moto, seMurazvo wemoto, vakadzika zasi mugwenzi ndokutanga kuZvizarura kuna Mosesi, kutanga. Mosesi akati . . .

Munoziva kuti takava sei nechidzidzo humwe husiku, kuti Jesu paakanga ari pano panyika, Akati, “Saka, Mosesi asati avapo, NDIRI.” Aive Jesu mugwenzi raipfuta, ari muShongwe yeMoto. NdiJesu, nhasi, mumwe chete.

Uye AkaZvizarura muShongwe yeMoto, uye Mosesi akawana chiitiko. Ndokudzika zasi kuEgipita. Akanoparidza Vhangeri, nhau dzakanaka, uye zviratidzo nezvishamiso zvakamutevera. Mazvibata here? Chinhu chimwe chete nhasi.

133 Kwete izvozvo chete, asi vaHebheru ivavo pavakabuda, vakafamba muChiedza, vakatungamirirwa neShongwe yeMoto imwe chete. Zvino Bhaibheri rakataura kuti, “Musaedze Mwari.”

134 Tarisai izvi. Regai ndizviverenge.

Apo zvichinzi, Nhasi kana imi . . . muchinzwa inzwi rake, musaomese moyo wenyu, (Inzwi raKe richitaura kumoyo wako.) sepakutsamwisa. (PavakaMutsamwisa.)

Teererai.

Nekuti vamwe, vakati vachizvinzwa, vakatsamwisa: . . .

135 Vangani vanoziva kuti vaIsraeri vakatsamwisa Mwari nekusatenda kwavo? Vakanyunyuta, ivo, zvachose. Mwari vakafamba vachidzika zasi ikoko. Uye pavakawana vese . . . Chinhu chekutanga, vakapinda mudambudziko.

Heino Shongwe yeMoto yaive pamusoro pavo. Handizivi kuti vese vakaIona here, kana kwete. Zvisinei, Mosesi akaIona. Uye Yakanga iri pamusoro pavo, zvino vakaItarisa. Zvino pavakadzika zasi . . . Toti kana vasina kuIona, handizive kuti vakaona here kana kuti kwete. Yakaenda mberi kwavo. Bhaibheri rakati Yaivapo.

136 Rakati, “Nyeredzi yakaenda mberi kwevarume vachenjeri.” Hapana akamboIona kunze kwevarume vachenjeri. Yakapfuura napamusoro penzvimbo dzose dzinoongorora zvemuchadenga. Vaichengeta nguva nenyeredzi. Hapana akaIona kunze kwevarume vachenjeri. Zvaive kwavari kuti vaIone, uye varume vachenjeri ndivo avo vaive vakatumirwa Nyeredzi.

137 Uye Shongwe yeMoto yakatumirwa kuna Mosesi, uye Mosesi aive atumirwa kuvana veIsraeri. Uye vaifanira kutevera Mosesi. Vaigona kuona Mosesi, uye Mosesi akaona Chiedza.

Hapo pavakaenda. Zvino vakanga vava kuenda. Uye pavakabuda, vakasvika paGungwa Dzvuku. Uye, oo, va—vakanga vaona zviratidzo zvezvishamiso zvese izvozvo nezvinhu zvichiitika vachiri zasi mu—munyika yekare yeEgipita, asi pavakaenda kunze uko murwendo rwavo, vachangotendeuka

uye vaburitswa. Zvino, chinhu chekutanga munoziva, vakapinda mudambudziko.

¹³⁸ Mwari vanoda kukupinza mudambudziko. Vanoda kudzikisa dambudziko pasi uye vaone zvauchazoita nezvaro. Saka Vakangomisa Gungwa Dzvuku, zvino chinhu chekutanga munoziva, vakavabuditsa kunze chaiko vachipinda munzvimbo iyi, ndokubva vatumira Farao kuti avatevere. Onai madiro ayo Mwari vanoda kuzviita? Vanoda kuratidza simba raVo nerudo. Ivo ndiMwari, uye Vanongoda kukuratidza kuti Ivo ndiAni. Ameni.

Zvino dambudziko razvo, nhasi, vanhu vanoti, “Oo, mazuva iwayo akapfuura.” Kwete. Mwari vangazviratidza sei pachaVo, imi makadzidziswa zvinhu zvakadaro? Asi Mwari vanoda kuzviratidza pachaVo.

¹³⁹ Hevano i vana veIsraeri vachiuya, vachifamba muChiedza. Mosesi, achifamba ari mberi kwavo. Hapo pavaive. “Huyai. *Iyi* ndiyo nzira. Mwari vari kudana. Tiri kubuda kunze. Tiri kuenda kunyika yechipikirwa.”

“Oo, Hareruya!” Hapo pavaive vese, vachidanidzira, nekusvetuka, uye nokuva nenguva yakanaka, munoziva. Zvino chinhu chekutanga munoziva, vakatarisa kumashure ndokuti, “Oo, guruva iro chii?”

¹⁴⁰ Mumwe wavo akakwira pamusoro pechikomo, akati, “Oo, oo! Maiwe, maiwe! Ihondo yaFarao.”

¹⁴¹ Mwari vakati, “Muri kunyanyotyeko? Hamuna kutenda here zvaNdakaita zasi uko? Muri kunyanyonetsekeiko? Sei muchiNditsamwisa?”

¹⁴² Pavakasvika zasi uko, Mosesi akabuda ndokunoreverera kuna Mwari. Mwari vakangovhura Gungwa Dzvuku ivo ndokuyambukira mhiri; ndokuvharira mvengi mukati. Ndiyo nzira iyo Mwari yavanozviita nayo. Usatya. Usashaya kugadzikana. Usanetsekane. Unotsamwisa Mwari.

¹⁴³ Zvino chii chaVakaita? Zvakaita sokunge, “Saka, tava nemuedzo mukuru mumwe chete; Mwari varopafadzwe, taikunda. Hatichazove nemumwezve. Tiri munzira yedu kuenda kunyika yechipikirwa.” Zvino Vakavatungamirira kunze chaiko mugwenga, kwakange kusina mvura. Mungazvifungidzirawo here? Mwari, nevanhu vaVo—vaVo vakacheneswa, vatsvene, vakavatungamirira kunze chaiko mumuteyo *uyu*; ndokubva vavabuditsa mumuteyo iwoyo, ndokuvatungamira kunze kuno uku chaiko kusina mvura. PaVaigona kunge vakavatora neimwe nzira kwaive nemvura. Handiti, Vaigona kungogadzira rwizi, nenzira yose, dai Vaida kudaro. Vaigona kunge vakamedura gomo rega-rega kuva mufaro, richipfira mvura mafiti makumi mashanu mudenga, dai Vaida kudaro. Chokwadi, Vaikwanisa. Asi dai Vakazviita izvozvo, zvaizove zvakananyisa kureruka. Oo, ndinozvifarira! Ngarikudzwe Zita raShe.

144 “Sei Mwari vakarega *izvi* zvichiitika, Hama Branham? Sei Mwari...?”

Mwari vari kuzviita. Vasiyei vakadaro. Ingoramba uchifamba. Iroro ibasa raMwari. “Matsimba etsoka evakarurama anotungamirirwa naShe.” Hongu, changamire. Zvine musiyano wei wazvinoita?

145 “Ndakarasikirwa nemari yangu yese, Hama Branham.” Saka, Mwari varumbidzwe, zvakadaro.

146 “Oo, ndakaita *izvi*, uye *izvi* zvikaitika, dutu rakapeperetsa imba yangu.”

147 Rumbidza Mwari, zvakadaro. “Ishe vanopa, Ishe vanotora, ngarikudzwe Zita raShe.” Ramba uchingofamba. Kwose kubwinya kwaMwari. Mwari vanoziva zvaVari kuita.

Vamwe vanopfuura nemumvura, vamwe
vanopfuura nemumafashamo,
Vamwe vanopfuura nemumuyedzo wakadzika,
asi vese vanopfuura nemuRopa.

148 Ndiyo nzira yaVanovatungamira nayo. Ndizvozvo chaizvo. Oo, ini zvangu! Ndinonzwa sekunge ndaigona kungomira ndodanidzira. Ndiyo nzira yaVanotungamira nayo vana vaVo vanodikanwa. Oo, uri kukwanisa here kungonzwa...? Zvino, handisi munhu anoshandisa pfungwa, asi uri kukwanisa here kungonzwa Mweya iwoyo wakaisvonaka zvino uchishambidza uri pamusoro pechivakwa? Ko dai maziso edu aizovhurika iko zvino, uye totarisa kune chakamira kwese kumativi emadziro aya, kukwira nekudzika nepanofambwa napo?

149 Erisha wakare, mamwe mangwanani, apo mukomana uya paaingova akapofomara sezvaaigona kuva, akati, “Tarisai vaSiria zasi uko.”

Akati, “Asi pane vakawanda vanesu.”

Akati, “Handioni munhu.”

Akati, “Ishe, vhurai maziso emukomana uyo.”

150 Akatarisa-tarisa paive nemuporofita iyeye wekare, kwese-kwese, makomo aive achibvira neMoto, nemabhiza eMoto, nengoro dzeMoto. Akagutsikana zvino.

151 Akati, “Tichangobuda tonovarova nehupofu.” Vakanga vaine kuona kwavo kwakakwana sekwavaingoita, asi vaive mapofu kwaari. Akati, “Imi mose muri kutsvaga Eria?”

Ndokuti, “Hongu.”

152 Akati, “Huyai, ndichakuratidzai kwaari.” Asi aive iye, aivatungamira. Havana kuzviziva.

153 Ndizvo zvazviri nhasi. Kristu ari pano. Mweya Mutsvene uri pano, uchiita zvinhu zvimwe chete izvo zvaWagara uchiita, uye nyika yakapofomora kwaUri. HavaUzive. “Oo, ini—ini handizive nezvaWo. Mufundisi wangu...” Oo, vanhu vanonzwisa tsitsi

vakaparara! Munoonna zvandiri kureva? Mapofu kwaUri. HavaUzive. Mwari vari kutungamira.

154 Zvino, vakauya, nemuRenje reSini, pakanga pasina mvura ipapo. Mwari vakange vangovapa zvose. Oo, zvino vakawana chigawa chemvura, vakati, “Ndizvozvo.” Zvino vakatotadza kana kuiravira. Oo, yaishata kwazvo. Ini zvangu, ya—yakaipa kupfuura suruferi chaiyo. Munoonna, sezvingori mazai akaora, munoziva. “Oo, ini zvangu! Inoshata.” Yaiva chepfu. Zvino, rinonzi Renje reSini. Miti yemichindwe yakawanda inokura imomo, uye nechitubu uko kwaikurira michindwe iyoyo. Zvino Mosesi akati, “Regai. . .”

155 Mwari vakati, “Sei vachidaro? Sei vachidaro? Chii chavari kuNditsamwisira chacho? Saka, kana ndakaita *izvozvo* kumashure uko, handikwanise here kuita chimwe chinhu pamusoro pechimiro ichi?”

156 Kana Vakakuburitsa kubva mune chimwe chirwere, haVakwanise here kukuburitsa pane chimwe? Vakakubuditsa mune rimwe dambudziko, haVakwanise here kukuburitsa mune rimwe? Mwari varumbidzwe! Kana vakandiburitsa kubva muchivi, Vanogona kundiburitsa muguva. NdiMwari. Zvine musiyano wei? Ingoenderera mberi, ramba wakaisa maziso ako paVari.

157 Vakati, “Kana ndakavhara Gungwa Dzvuku kumashure, ndokunyudza vaEgipita ivavo, handikwanise here kuita chimwe chinhu pamusoro pemvura iyi? MunoNdishatirisa neiko? Oo, kusatenda kwenyu! MunoNditsamwisa, nekuda kwekusatenda kwenyu.”

158 Zvino izwi apa rashandiswa, “Chivi,” kutsamwisa. Vakaita. . .Chikonzero vakazviita, havana kutenda. Havana kumbobuda kunze uye kunotamba mutambo wemadhaiza, zvino, nezvinhu zvakadaro. Havana kumbomhanya-mhanya nemukadzi wemumwe munhu, uye nokubuda vachinotaura nhema. Hazvisizvo zvavaive vachiita. Asi, hachisi chivi, kutanga kwacho.

159 Kurarama muhupombwe hachisi chivi. Kusvuta, kutsenga, kunwa, kubheja, kutuka, kutukirira, zvimwe zvakangodaro, hachisi chivi. Izvozvo zvizbereko zvekusatenda. Unoitwa izvozvo nekuti hautendi. Kana uri mutendi, hauite izvozvo. Ndicho chikonzero Jesu akati, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye *akatenda* kuna Iye akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi.” Kwete *anoti* anotenda, asi anotenda zvechokwadi! Hezvoka izvo. Zvinobvisa humbowo hwako hwese hwekutanga kure. Maona? Zvino, hezvoka izvo.

Kwete, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu zvino odanidzira.” Kwete, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye otaura nendimi.” Kwete, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye ane ropa muruoko

rwake kana kumeso kwake,” kana chero chimwezve. Handizvo izvozvo.

“Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda kuna Iye akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi, uye haazombouya paKutongwa, asi apfuura kubva murufu kuenda kuHupenyu.”

¹⁶⁰ Chivi chii? Kusatenda. Chinhu chidiki chinogona kusimuka, pachinzvimbo chekuenda chaiko kuRugwaro woona kuti ndeChe chokwadi here kana kuti kwete, “Oo,” unoti, “Ndiri . . . Kwete! Munoono, ipapo, unoenderera mberi. Ndichangoenderera ndiri muPresbyteriani sezvandiri, maona.” Enderera mberi, bofu, zvino unotsamwisa Mwari.

¹⁶¹ Kana Mwari vaita chero chinhu, Vanotarisisira kuti nyika iChitore. Asi, pachinzvimbo cheizvozvo, “Munoziva, saka, handizive nezvaZvo.” Maona? Vanotarisisira kuti vanhu vaZvivate. Kana uine hany’ a zvakakwana, gara pasi neGwaro. URiverenge rese uye uRinzvere, rese zvaro, uone kana Zvakaitika, kana Zvakafanotaurwa kuti zvichaitika, nezvimwe zvakadaro. Saka uchaZvibata. Amen.

¹⁶² Zvino cherechedzai.

Apo *zvichinzi . . . Nhasi kana imi . . . muchinza inzwi rake, musaomesa* moyo wenyu, *sapanguva yokutsamwisa*, Mwari pavakatsamwiswa navo, munoono.

Nekuti vamwe, pavakanzwa, vakanzwa vhangeri rakaparidzwa naMosesi, vakamutsamwisa: zvisinei havazi ivo vose vakabva Egipita naMosesi.

¹⁶³ Vangani vanoziva kuti vanhu vangani vakaponeswa kubva muboka iroro repakutanga rakabuda? Vangani? [Mumwe munhu anoti, “Vaviri.”—Mupepeti] Vaviri, ndizvo. Vangani vanoziva mazita avo? [“Karebhi naJoshua.”] Ndizvozvo. Karebhi naJoshua, vaviri voga, kubva mumamiriyoni maviri nevanoraudzira.

¹⁶⁴ Teererai kune izvi. “Asi iye . . .” Ndima 17 zvino.

Asi vaakashungurudzika kwemakore *anamakumi mana*, nekuda kwekusatenda. *Havazi ivo* here *vaya vakatadza*, vakapokana . . . ?

¹⁶⁵ Tora duramazwi uone kuti *chivi* zvinorevei. Tora duramazwi reBhaibheri. Kusatenda. *Kusatenda* ndicho “chivi.” “Uyo asingatendi akatopomerwa kare,” Mutsvene Johane 4, munoono, “akatopomerwa kare.”

. . . mitumbi yavo ikawira murenje here?

Uye wakapika pamusoro pavo kuti havangapindi pazororo rake, . . .

¹⁶⁶ Kusatenda kwako! Oo, zvokuti handingambosviki kune chitsauko changu. Asi, tarisai, ndiro dambudziko nyenika ino, nhasi. Zviratidzo nezvishamiso zvakapfuura nemunyika

ino. Vanoitei? Vanoramba vachiZvifuratira. Zvino Vakati, “Ndichapika kuti haNdivabvumire kupinda muNyika yekwavari kuenda.”

¹⁶⁷ Chii chanetsa nemachechi makuru aya nhasi? Kusatenda kwavo kwakatsamwisa Mwari. Hareruya! Vanokwanisa kubva pamatombo aya kumutsira vana kuna Abrahama. Vakaedza kupa Vhangeri kwavari, zvino vakaomesa moyo yavo. Vanozviiita mapoka akatsauka, uye vakaita masangano madiki, “Uye tinotenda *izvi* uye hakuna zvimwe,” zvino Mwari havana kukwanisa kupinda. Vari kupi nhasi? Vakagara padivi.

¹⁶⁸ Boka raMwari diki, rakatendeka riri kufambira mberi, riine zviratidzo nezvishamiso. Vari kuvaisa pakuedzwa. “Mwanakomana wese anouya kuna Mwari anofanira kutanga aedzwa uye ogoedzwa,” mwana akadzidziswa.

¹⁶⁹ Chinhu chekutanga chidiki chakaitika, “Oo, saka, pamwe hapana chinhu kwaZviri, zvakadaro.” Uri mwana weupombwe, uye kwete mwana waMwari.

¹⁷⁰ Nekuti mwana waMwari iMbeu yaAbrahama, anodana zvinhu izvozvo zvisipo, sekunge zviripo, “Mwari vakataura kudaro,” uye anongoramba achienderera mberi. Amen. Zvisinei nokuti chii chinotaura, kana chero chakasiyana, vanoramba vachienderera mberi, zvakadaro. “Mwari vakadaro.”

¹⁷¹ Makore makumi maviri nemashanu akamirira mwana iyeye, zvisinei nekuti zvaipesana sei. Uye akazvipatsanura kubva kune avo vasingatendi, ameni, kuti agone kutenda. Oo, ini zvangu! Ndiri kunzwa manyukunyuku ekunamata.

Pafungei ipapo. Unofanirwa kuzvipatsanura kubva kune dzidziso iyoyo yenyika, “Ah, iwo mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuna chinhu seIchocho. Ndiko kupengereka.” Zvipatsanure.

¹⁷² Bhaibheri rakati, “Budai pakati pavo, uye ivai makapatsanurwa, vanodaro Ishe, zvino Ndichakugamuchirai.” Zvakanakisa sei! “Ndichakugamuchirai,” mushure mekunge mazvipatsanura. “Muchava vana vaNgu, Ndichava Mwari wenyu.” Zvipatsanurei pachenyu, musazvibanidza nevasingatendi. Ndizvozvo chaizvo.

¹⁷³ Mujaya uchiroora, ukaroora mumwe musikana asingatende; kana mumwe musikana wechidiki achiroorwa nemukomana asingatendi. Usadaro. Handina basa nekuti mukomana akanaka sei, uye—uye, kana kuti musikana akanaka sei, uye kuti ane maziso makuru akadini; zvese zvinopera nerimwe ramazuva. Asi, hama, mweya wako uri kuzorarama nekusingaperi. Iwe ngwarira zvauri kuita. Musikana haasi mutendi chaiye, kana mukomana haasi mutendi chaiye, usazvibanidze zvakadaro. Garira kure nezvakadaro. Zvichakukonzera dambudziko zasi kwenzira.

¹⁷⁴ Zvino teererai, ndima 17.

Asi . . . uyo iye . . . wakashungurudzwa *makore anamakumi mana here? havasi ivo here avo vakatadza, mitumbi yavo yakawira murenje?*

. . . waakapika *pamusoro pavo kuti havangapindi pazororo, . . .*

175 Vakatangana kubuda, asi, vakaona minana, asi Havana kumbosvika kunyika yechipikirwa. Nhamba yakangosarudzwa, yevaviri, vakapinda munyika yechipikirwa.

176 Zvino Pauro ari kuitei? Ari kutaura kuMakristu zvino, “Musarega Vhangeri rimwe chete iri, rakaparidzwa kumashure uko, muzviratidzo nezvishamiso, uye Shongwe yeMoto yakavatungamira; kana zvinhu izvi zvatanga kuitika zvakare, regai kuwira kurutivi rwenzira, kubudikidza nekusatenda, kutanga kupokana, nekuti zvitunha zvavo zvakawira murenje.”

177 Zvino tave kupinda, nekukurumidza zvino. Tarisai nepedyo.

. . . *asi kune avo vasina kurarama?*

Zvino tinoona kuti vaisafanira kupinda nekuda kwekusatenda.

Anokudaidza kuti *chivi* pane imwe nguva, anokudaidza kuti *kusatenda* nguva inotevera. *Kusatenda* “chivi.” “Havana kupinda, nekuda kwekusatenda kwavo.”

178 Vakaona muporofita iyeye, Mosesi. Vakaona zvaakaita, vakaona zvaakataura. Chaive Chokwadi, nguva dzose, ndokufambira mberi, Chokwadi. Shongwe yeMoto iyi yaiuya pamberi pavo. VakaItarisa. VakaIona.

179 Pauro, achiedza kuwana, gare-gare, kudzika zasi pano, chiitiko chaakave nacho. Maona? Achiedza kurondedzera chiitiko ichi, akachifananidzira muTestamende Yekare. Akati, “Zvino tapinda mune chinhu chitsva, mumwaka uyu mutsva, naJesu Kristu. Nguva dzekare, Ishe vakazviratidza kwavari nevaporofofita, asi zvino Vari neMwanakomana waVo, Jesu.” Maona? Zvino akatanga kufananidzira zviitiko zvacho uye nekuvaratidza zvaitora nzvimbo, kuti zviratidzo nezvishamiso, nezvose, uye nezvakanyorwa.

180 Zvino akati, “Havana kupinda, nekuda kwekusatenda kwavo.” Havana kutenda.

181 “Asi zvino, isu, tinopinda mumwaka, uye usaomesa moyo wako. Usaite sezvavakaita, mumazuva ekutsamwisa, pavakatsamwisa Mwari.” Vakazviita sei? Kwete nekurarama zvisina hunhu. Regai ndirovedzere izvi kwamuri.

182 Unoti, “Hama Branham, ndinoenda kuchechi.” Izvozvo zvakanaka. “Handina kumbobvira ndanyepa muhupenyu hwangu.” Zvakanaka. “Handina kumboba. Handina kumboita *izvi, izvo*, kana *zvimwewo*.” Izvozvo zvakanaka kwazvo. Zvese zvakanaka. Asi, zvakadaro izvozvo hazvisi chivi.

183 Chivi ndeapo Mwari pavanoZviratidza uye iwe worega kuZvitenda, hautomboZviteereri.

184 “Oo,” unoti, “chechi yangu haidzidzise Izvozvo.” Chero bedzi Bhaibheri richiZvidzidzisa, uye Mwari vachiZvisimbisa, ndicho chinhu chacho.

Zvino tarisai kwechinguvana chete. Zvino tava kuzotanga zvino pane chimwe chinhu chaicho, chakadzika kwazvo. Zvino, dzikamisa hana yako kusvikira wabuda panze.

185 Zvino nyatsotarisaisai.

Naizvozvo ngatityei, zvimwe, chipikirwa chakasiirwa kwatiri chokupinda mune rake . . .

Zvake, zvake, zvisazitasingwi zvino. Chii?

. . . nomumwe wenyu uchawanikwa asingasviki kwairi.

186 Zvino, Pauro ari kuedza kuvaudza, muchitsauko chapfuura, nezve zvinhu zvese izvi. Asi zvino ari kuedza kuvaudza kuti Chii.

Oo, tine nguva here? Ini . . . Pamwe zviru nani timirire kusvika manheru ano. Nguva yaenda, uye tichava neshumiro yemunamato. Pamwe zviru nani kuti tizvibate manheru ano, nekuti izvi zvizere nemavhitamini, mavhitamini epamweya. Ndine zvakawanda zvekuita, uye ndakabatikana masikati ano. “Regai isu . . .”

Naizvozvo ngatityei, zvimwe, chipikirwa . . .

187 Zvino, vaive nevimbiso here yenyika yechipikirwa, zasi muEgipita? Uye, apo, Mwari vakadzika zasi, kuzoita kuti vimbiso iyi ive yemazvirokwazvo. Handiti, Mwari vakaudza Abrahamama, mazana nemazana emakore zvisati zvaitika, kuti Vaizozviita. Zvaive muMagwaro.

188 Josefa akati, “Musabvise mapfupa angu kubva pano kusvikira maenda kune nyika iyoyo yechipikirwa uye munondiviga kumusoro ikoko pamwe nemamwe madzibaba angu.” Nekuti, aiziva kuti rumuko rwaiuya, Jesu paakamuka kubva kuvakafa, nekuti aive aziva zvakataurwa naJobho. Maona?

189 Mumwe nemumwe wevaporofita ivavo aiziva zvakange zvataurwa nemumwe muporofita, uye akaziva kuti Mweya wavo waiva mumwe chete. Zvino vaive vakatarisa. Oo, hama! Oo, zvinotofanira kutizunza kubva muchinhano chedu chemunyika. Vakanga vaine maziso avo, asiri pane zvaitaurwa nevanhu, asi zvakataurwa nevaporofita ivavo. Mumwe nemumwe wavo aitarisa.

190 Abrahamama akati, “Ndivigei pano chaipo pakavigwa Jobho.” Akati, “Sara, ndiri kuenda kunotenga chidimbu chemunda. Tichavigwa ipo pano chaipo.”

191 Isaka aive muporofita, mushure mababa vake. Akati, “Teerera. Musandivige chero kumwewo kunhu, kwete zasi kuno muEgipita, asi ndidzosei chaiko kunyika yechipikirwa. Mundivige ipo pano chaipo.”

192 Jakobho akafira kunze kwenyika yechipikirwa, asi akati kumwanakomana wake, aive muporofita, akati, “Munoziva, humwe husiku Mutumwa akandibata padivi. Ndakakamhina kubvira ipapo. Huya, isa ruoko rwako...” Oo, nhai vedu! “Mwanakomana wangu muporofita, ini ndakura uye ndiri bofu. Asi isa ruoko rwako rwutsvene, zvauri muporofita pachako, rwugadzike panzvimbo iyo Mutumwa akaisa ruoko rwaKe, uye upike kuna Mwari weKudenga kuti haundivige zasi kuno.”

193 Akomborerwe...Unoona here chizaruro chemweya cheShoko? Nhai, hafu yavo, vangangoita makumi mapfumbamwe kubva muzana, vaisaziva zvaaitaura nezvavo. Asi aiziva zvaaitaura nezvavo. “Isa maoko ako emuporofita panzvimbo ino apo Mutumwa akagadzika ruoko rwaKe. Ndaimbove murume muhombwe, akasimba, gwara rakasimba. Asi, Akandibata, uye kubva ipapo ndave murume anokamhina. Asi ndanga ndiri muchinda kubvira pandakakamhina. Kubvira pandakashandura mafambiro angu, ndanga ndiri muchinda.” Hongu. “Isa ruoko rwako apa. Pika naMwari weKudenga, haundivige kuno.” Sei? Hapana akaziva zvaaitaura nezvavo. Josefa aiziva. Akati, “Nditore undiendese kumusoro uko uye undivige munyika iyoyo yechipikirwa.” Ikoko ndiko kwayaive. Zvirokwazvo.

194 Josefa paakafa, kwapera makore akati kuti, akati, “Musandiviga zasi kuno. Asi tarisai mapfupa angu kana muchipfuura nepo, nekuti nerimwe zuva muchabuda muno. Uye pamunoenda, torai mapfupa angu pamwe nemi.”

195 Hezvoka izvo. Regai nyika itaure zvavanoda, uye vaite zvavanoda kuita. Ngarikudzwe Zita raShe. Ndichengetei muna Kristu, kana ndikadanwa kunzi chero chinhu, mupengereki, kana muumburuki mutsvene. Rimwe zuva Ari kuuya, uye avo vari muna Kristu Mwari vachavaunza pamwe chete naYe, paAchauya. Zvose iChokwadi chepamweya, chakazarurwa chigere ipapo chaipo, uye zvinotora pfungwa yemweya kuChibata. Zorora pane izvozvo, nemukati mezuva rose. Funga nezvavo. Kunyangwe iwe ukasava nekudya kwako kwemasikati, Funga nezvavo.

196 Zvino manheru ano, tichapinda muZororo raKe, rakanga rasiwa, uye toona zvirivimbiso iyi nhasi. Chinhu ichi chii nhasi? Kana Mwari vasinaRo muno muBhaibheri, uye voRiratidza, Riri pano chaipo zvino, ipapo ndiri muporofita wenhema. Ndizvozvo chaizvo. Asi Riri pano. Iri Zororo chii?

197 Akati:

Zvino, ngati . . . tyei, zvimwe, *chipikirwa* chakasiirwa kwatiri kuti tipinde sezvavakaita, . . .

198 Uye Inofanira kuva vimbiso imwe chete. Rinofanira kuva zororo rimwe chete. Anofanira kuva ari Mwari mumwe chete. Zvinofanira kuva zviratidzo zvimwe chete. Chinofanira kuva chinhu chimwe chete. Asi regai tizorore. Zvino Chinombori chii? Dai Ishe vazvipa kwatiri, manheru ano.

Tichikotamisa misoro yedu.

199 Ishe vakaropafadzwa, Ziyendanakuenda rega ndiro richaratidza zvinhu zvikuru zvatiri zvino kugoverana pamwe chete. Zvishoma . . .

Vazhinji vakatemerwa kunoparadzwa. SezvaMakataura muBhuku raJudha, kuti, “Varume, vekare vakafanotemerwa kuzoparadzwa, vaizitora nyasha dzaMwari vedu vodzishandura kuita zveruchiva.” Uye vazhinji nhasi vari kuparidza Vhangeri, nyasha dzaMwari, voRishandura kuve chirongwa chekuita nacho mari, vaine chechi huru yakakura uye iine vakawandisa kuSunday school, vachitora nyasha dzaMwari uye voDzishandura kuva zveruchiva. Uye nyika yakapofomara, uye ichifamba senguruve dzakapofomara. Havanzwisise.

200 Oo Mwari, tizarurireiwo kunzwisisa. Itai kuti kunzwisisa kwedu kurege kuita sevana venyika ino. Nekuti Makataura muShoko reNyu, kuti, “Vana venyika ino vakachenjera kupfuura vana veChiedza.” Pakutanga zvaive zvakadaro, “vana vaKaini” vakava vanamazvikokota vakuru mune zvesainzi. Vakava vadzidzisi vakuru. Vakava vashandi vezvinhu. Vakaenderera mberi vachibudirira, vari vanamati zvakanyanya, asi vakapomerwa uye vakanyudzwa mukutongwa. Uye zvitunha zvavo zvakayangarara pamusoro pemvura, uye mweya yavo ikaenda kugehena.

201 Zvino Jesu akaenda ndokunotaura navo, paAkafa. “Ndokuenda kugehena ndokuparidzira mweya yaive mutirono, isina kutendeuka mukutsungirira, mumazuva aNoa,” rinodaro Gwaro. Zvino Mwari, paVakamira panyika, Vakati, “Sezvazvaive mumazuva aNoa, ndizvo zvazvichava mukuuya kweMwanakomana wemunhu.”

202 Asi tinocherechedza, “dzinza ipapo raSeti,” varume vakazvininipisa, varume chaivo vaMwari, vasingazive zvinhu zvakanyanya zvepanyika, vasina hanyin’ a nezvinhu zvepasi, asi vakaisa parutivi zvinorema zvose uye vakatenda Mwari, uye vakava vaporofita nevarume vakuru muHumambo. Apo vamwe, imwe nyika yekunamata, yakavaseka, ikaita dambe navo. Asi nguva yakasvika apo pakauya mafashama nekutongwa.

203 Saka ndizvo zvazvaivewo mukuuya kwaJesu Kristu. Kuti vakaseka nekuita dambe naYe, ivo vaine zvitendero zvavo voga nemachechi avo makuru. Asi vakaita dambe neNyeredzi Yemangwanani, uye vakaMuseka. Asi zvakadaro vakapinda

mukutongwa. Zvino pavakatiza vakapinda muJerusarema, imomo vakadya vana vavo pachavo, nokuda kwenzara, uye ropa ravo rakamhanya kunze nepamasuwo emigwagwa pavakapisa guta pamwe netemberi, uye mweya yavo ikaenda kugehena.

²⁰⁴ Ishe, hepanoi patiri zvakare, pane chechitatu. Ino inguva yehupenyu. Nhatu ndiyo nhamba yehupenyu. Zvino hepanoi patiri, tagadzirira Kubvutwa.

Chechi ichienderera mberi; nyika huru yesainzi; machechi nhasi agere akazara nevatendi vanopokana. Makumi ezviuru vane mazita avo mubhuku, hongu, mamiriyoni, uye vanoseka Vhangeri, uye votaura, kuti, “Havana kudzidza. Havazivi.”

Pamwe ndizvozvo, Ishe, asi izvo zvatinoshaya mudzidzo, Munozvigadzirisa munyasha nokutumira Mutumwa weNyu weChiedza, nekuratidza simba raKe, muchisimbisa Mashoko kune avo varombo uye vasina kudzidza sesu. Asi tinoKudai nekuda kweizvi, nekuti inyasha dzaMwari dzakazviita, uye tinoziva kuti takaberekwa. Uye hatina runako, zvachose. Hatina runako zvakanyanya. Asi Imi, kuburikidza nenyasha, makatambanudzira zasi ruoko rweNyu rwuzere netsitsi uye mukavhura maziso edu, apo Jesu akatinamatira; saEria akaitira Gehazi, paakatarisa kuti aone kwakamupoteredza. Uye nhasi maziso edu akavhurika, uye tinoona zvinhu zvaMwari, uye tinoziva kuti tiri kufamba panguva yekupedzisira; apo mazuva evanhu veMarudzi ave kuda kupera, uye Vachazatora vanhu veZita raKe. Ngatiisweiwo ipapo, Ishe, tinokumbira mukuzvininipisa. Tinonamata kuti Muchazviita.

²⁰⁵ Tiropafadzei. Ropafadzai unganano diki iyi mangwanani ano. Vakagadzirwa nemhando dzose dzakasiyana dzezvinamoto uye nezvitendwa, asi zviisei parutivi nhasi, Mwari. Uye dai vakatarisa vakananga kuKarivhari, voti, “Mwari, ndiumberi uye ndigadzirei. Ndakafanana ne...” Muporofita akati akadzika zasi kuimba yemuumbi, kuti agoputswa nekuumbwazve. Tumberi uye mutigadzire nemutowo uyo Mwari vanoda kuti tive tiri. Hazvina mhosva kana tichifanira kuve chitsiko chepasi paImba yaIshe. Ndingada hangu kuva chitsiko chepamusuwo pane kugara mumatende nevakaipa. Uye zviitei, Ishe. Chingotirofapadzaiwo zvino, uye rambai makatichengeta takuzvininipisa. Itai kuti moyo yedu ive yakavhurika, pfungwa dzedu dzakajekerwa, kuzvinhu zvaMwari, nekuti tinozvokumbira muZita raKristu.

²⁰⁶ Nemisoro yedu yakakotamiswa, handizive kana mumwe munhu angada kurangarirwa mushoko remunamoto, kuitira ruponeso rwemweya wako? Ungasimudza ruoko rwako here, uye ungori mutadzi? Mwari vakuropafadze, muchinda wechidiki. Mumwe munhuzve? Mwari vakuropafadzei, kumashure uko, changamire. Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mumwe munhuzve anoda kurangarirwa mumunamoto izvozvi, kuitira mweya wako? Mwari vakuropafadzei, changamire, mune

ruoko rwenyu rwasimudzwa. Uye Mwari vakuropafadzei, nemi pano. Zvakanakisa. Panogona kunge paine mumwe here, tisati tavhara? Ndinonzwa kuti aripo. Mwari vakuropafadzei, kumashure uko, changamire, vari kumashure.

²⁰⁷ Nhai, zvino tarisai, ndinoda kukubvunza chimwe chinhu. Handidi kuti ufunge zvachose nekuti itabhanakeri ino diki. Handidi kuti ufunge kuti imhaka yekuti vanhu ava. Uye Mwari vazere netsitsi, usafunge kuti imhaka yekuti Mutumwa waJehovha akatorwa mufananidzo waKe neni, uye ini. . . uye— uye kuti chimwe chaizvozvo, chinoita izvozvo. Oo Mwari! Kana ndakanzwa saizvozvo, saka, hama, ndinofanira kunge ndiri paartari pane kuti ndikukumbirei. Asi ndiri kungotaura izvi, ndiri kungotaura izvi neRugwaro, kuti muchaona kuti ichi iChokwadi. Kana ndikaZvitureira, uye zvongova izvo zvoga kwazviri, ndoenderera mberi semumwewo wese muparidzi kana chimwewo chinhu, kana chero mumwewo, saka, ipapo, zvaizova zvakasiyana. Asi munoono chinhu chacho, Mwari vanodzoka chaipo ipapo uye voratidza kuti iChokwadi. Maona? Ndizvo zvinoZviita zvamazvirokwazvo, ndiMwari vachiZviratidza. Uyezve, kwete izvozvo chete, asi Shoko raVo rinotaura kuti Vachazviita. Hevano pano Vari kuzviita.

²⁰⁸ Zvino kana usina kuita zvakanaka, moyo wako usina kumira zvakanaka naMwari, ungasimudza ruoko rwako here? Iti, “Ndinamatireiwo.” Zvakanaka, ipo chaipo pauri. Maoko anenge masere kana gumi anga akasimuka, achida tsitsi kumweya yavo. Makakotamisa misoro yenyu, zvino namatai. Rangarira, iwe ndiwe unofanira kutendeuka. Ndiri kungokukumbirira, kuti Mwari vave netsitsi. Asi ndiyo artari, Mwari vakusvitsa panzvimbo mupfungwa dzako; ndiyo artari. Tinotenda mukuuya kuartari, chokwadi, asi izvozvo hazviiti—izvozvo hazviiti. . . Zvakanaka. Asi artari yako chairo ndipo apo Mwari vasangana newe. Uye Vasangana newe apo chaipo pawakagara. Ndiyo artari yako.

²⁰⁹ Zvino iti, “Mwari, ndinzwireiwo tsitsi, mutadzi. Uye kubva nhasi zvichienda mberi, kana Muchandibatsira, ndichaKuraramirai. Ndicha—ndichaKushumirai. Handina basa nezvinotaurwa nemunhu upi zvake, ndiri kubuda, mangwanani ano. Ndiri kunamata ipo pano chaipo, uye Mutore mweya wekare uyu wekusaremekedza ubve pandiri. Bvisai hashu idzi kubva pandiri. Ndinoziva kuti handigoni kuita saizvozvo uye ndorarama zvakanaka naMwari. Uye ndine ruvengo mumoyo mangu. Ndine godo. Ndine pfini. Ndine izvi, izvo. Zviburitsei, Mwari. Handidi kuva ndakadaro. Ndiitei anotapira, uye akazvinipisa, uye akapfava. Ndiitei munyoro. Ndiitei munhu wokuti anogona kuhwinha vamwe kwaMuri. Regai ndiKuitirei chimwe chinhu kuratidza kuyemura muhupenyu hwangu.” Ndiwo munamato waunonamata zvino, apo tichinamata pamwe chete.

²¹⁰ Baba veKudenga, ndeveNyū. Ndivo zvibereko zveMharidzo mangwanani ano. Vasimudza ruoko rwavo. Chimwe chinhu chavaita kuti vaite izvozvo. Ivo—ivo vazvidza mirawu yesimba rinodhonzera pasi pavasimudza maoko avo. Panga paine mweya mavari waita sarudzo. Vasimudza maoko avo, kuti vagamuchira Musiki Akavagadzira.

²¹¹ Zvino, Baba veKudenga, ndinonamata kuti Muchavaropafadza, nekuvapa Hupenyu Husingaperi, izvozvi. Hapana chandaigona kuita; kuvadaidza kuartari, kuvaisa mune imwe kamuri, ndichiita basa rese. Izvozvo—izvozvo zvinototorera Imi kuzviita, Ishe. Hatina zvimwe zvatinogona kuita kunze kwekuparidza Shoko. Makati, “Kutenda kunouya nekunzwa, kunzwa Shoko, Shoko raMwari.” Zvino, taparidza Shoko, uye vasimudza maoko avo, kuti vaRitenda. Zvino vapei Hupenyu husingaperi, nokuti Makavimbisa kuti Maizozviita. Kana vanga vakatendeka mukusimudza maoko avo, vachabuda muchivakwa chino mangwanani ano, ari Mukristu anotapira, akapfava, akaninipa, nekuti Makazvimbisa. Uye Mashoko eNyū haagoni kukundika. Ndinozvikumbara muZita raJesu Kristu. Amenii.

Zvino ndakatarisa, ndakamirira uye ndiine
chishuwo,
Cheriya Guta rakajeka Johane akaona
richidzika pasi.

MuGuta iroro rakajeka . . .

Namatai zvino.

. . . guta jena separera,
Ndine imba huru, rudimbwa nekorona;
Zvino ndakatarisa, ndakamirira uye ndiine
chishuwo,
Cheriya Guta rakajeka Johane akaona
richidzika pasi.

²¹² HaungoMudawo here? Mharidzo yapera, zvino. Uku ndiko kunamata. Hatiuyi kuchechi kuzongonzwa mharidzo. Tinouya kuzonamata. Ingokanganwa munhu ari padivi pako. IngoMunamata. Oo, zvakanaka sei! Zvinoshamisa sei! IngoMuudza mune ako. . . Haufanire kuMuudza zvinonzwika. IngoMuudza mumoyo mako, “NdinoKudai, Ishe. Ndiregerereiuwo chivi changu.” Oo, ini zvangu!

. . . Guta jena separera,
Ndine musha mukuru, rudimbwa nekorona;
Zvino ndakatarisa, ndakamirira uye ndiine
chishuwo,
Cheriya Guta jena Johane akaona richidzika
pasi.

²¹³ Mwari Baba vedu, tigamuchireiuwo. Takamirira, apo tiri kuteerera kuShoko, tichishuvira. “Moyo yedu ine

nyota yeNyu, senondo inotakwairira hova yemvura. Mweya yedu ine nyota yeNyu, O Mwari.” Kushuvira nekumirira, kumirira iyo nguva apo Jesu achauya, tichimirira nguva yatichazoshevedzwa kumakore. Kwete kuzomira pamberi peMutongi mukutongwa; zvakatopfuura. Takafa kuzvinhu zvenyika, uye ndokupinda muna Kristu, uye Akatora kutongwa kwedu. Ndiye Gweta redu zvino, pachigaro chehutongi. Gweta redu rakaropafadzwa, rokuti, pakureurura kwedu, Anotimirira panyaya yedu kusvikira taziva kuti hatina kukodzera. Sehanzvadzi inodikanwa yekare mangwanani ano, yataura muchapupu chayo, uye vachiisa mapeni avo, “Kubvira zvandakauya pano ndakadzidza kuti hausi hutsvene hwangu, hutsvene hwaMwari.”

²¹⁴ Chokwadi, Ishe, tinodzidzisa vanhu, hapana chakanaka mumunhu, hapana kana chinhu chimwe chete. “Munhu chiiko zvaMunomufunga?” Asi inyasha dzaMwari dzakazviratidza kwatiri. Uye tinovimba chete mune kunaka kwaVo, kwete mune kwedu. Uye tinoKunamatai, Mwari Vatsvene-tsvene, nekuda kwekunaka kweNyu, kutipinza muHumambo hweNyu hukuru, muzvirongwa zveNyu zvikuru. TinoKugamuchirai mumoyo yedu, nokutenda. Uye nenyasha, tinotenda kuti Makazvipa kwatiri kuitira mbiri yaMwari, kuitira basa raMwari.

²¹⁵ Zvino, Ishe, podzai vanorwara pavanouya kuzonamatirwa, mangwanani ano. Ipai kwavari mufaro iwoyo, wavanoshuvira kuti vapore. Vaitei kuti vazive kuti dambudziko diki iri, rakaiswa pavari, ingori nguva diki chete yekuedzwa. Mwari vanoziva zvese nezvazvo. Vakazviita kuti vaone zvataizoita nezvazvo. Kutu Mwari. . .Dai vabuda kunze uko chaiko uye votora basa iroro rakapedzwa! Dai iMi. . . NgavasaKutsamwisai, nekumhanyira *pano neapo*, uye *vachipinda nekubuda*, “Saka, handizive *izvi, izvo*.”

²¹⁶ Ishe, ngavamire zvakatwasuka, vachiti, “Ishe, ndiMi Makandiponesa. NdiMi Makandiitira zvinhu izvi. NdinoKutendai, uye ndiri kuvimba neMi, nhasi.” Uye ndinonamata kuti Muchapa izvi kuvanhu, muZita raKristu. Amen.



VAHEBHERU, CHITSAUKO CHECHITATU SH057-0901M
(Hebrews, Chapter Three)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEBHUKU REVAHEBHERU

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Gunyana 1, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org